O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A`JINIYAZ ATI’NDAG`I’ NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKA INSTITUTI

**Pedagogika fakul’teti**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’**
**IV [a] topar talabasi’ Ahmedova Ozodani’n’ “Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’” temasi’nda**

# *BAKALAVR PITKERIW JUMI'SI'*

MAK da qorg`awg`a ruxsat
«Pedagogika» fakulteti dekani`w.w.a.
__________ M.Allayarov
”____” _____________ 2016 ji’l

“Muzi’kali’q ta’lim”
kafedrasi’ basli’g’i’ docent
_______S. M. Tajetdinova
Ilimiy basshi’: ___p.i.k. S.Romanova

**No’kis – 2016**

**Tema: Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’**

**Reje:**


Kirisiw.

I-Ba’p.Muzi’kani’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti ha’m xali’qimizdi’n’ folklor janri’

1.1.Fol’klor qosi‘qlari‘ mazmuni‘ ha’m tariyx betleri

1.2.Muzi’kami’z xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y rawaji’

II-Ba’p. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ jas wozgeshelikleri ha’m muzi’ka ta’limi’n qabi’l yeti’wde wo’qi’ti’w jollari’

2.1. Biri’nshi ha’m yekinshi klass woqi’wshi’larinin’ wozgeshelikleri ha’m sabaq mazmuni’

2.2. Ushi’nshi klass woqi’wshi’lari’na qosi’q uyreti’w jollari’

2.3. To’rti’nshi klass wo’zi’wshi’lari’na muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’wdi’n’ waziypalari’ ha’m mazmuni’

2.4. Baslawi’sh klassta muzi’ka sabag’i’ni’n’ metodikali’q jumi’lari’.

2.5. Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’

Juwmaqlaw

**MAZMUNI’**


| | | |
|---|---|---|
| Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’ | | betler |
| Kirisiw | | 3 |
| Biri’nshi ba’p. Muzi’kani’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti ha’m xali’qimizdi’n’ folklor janri’ | | 8 |
| 1.1. | Fol’klor qosi‘qlari‘ mazmuni‘ ha’m tariyx betleri | 8 |
| 1.2. | Muzi’kami’z xalqi’mi’zdi’n` ruwxi’y rawaji’ | 25 |
| Yeкinshi ba’p . Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ jas wozgeshelikleri ha’m muzi’ka ta’limi’n qabi’l yeti’wde wo’qi’ti’w jollari’ | | 33 |
| 2.1 | Biri’nshi ha’m yekinshi klass woqi’wshi’larinin’ wozgeshelikleri ha’m sabaq mazmuni’ | 33 |
| 2.2. | Ushi’nshi klass woqi’wshi’lari’na qosi’q uyreti’w jollari’. | 38 |
| 2.3. | To’rti’nshi klass wo’zi’wshi’lari’na muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’wdi’n’ waziypalari’ ha’m mazmuni’ | 40 |
| 2.4. | Baslawi’sh klassta muzi’ka sabag’i’ni’n’ metodikali’q jumi’lari’. | 43 |
| 2.5. | Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’ | 49 |
| Juwmaqlaw | | 59 |
| Paydalani’lg’an a’debiyatlar | | 61 |

# Kirisiw

O`zbekistan Respublikasi’ social rawajlani’w ha`m ildiz ati’w joli’n tan`lap aldi’ milliy ha`m de uli’wmainsaniyli’q miyraslar, sonday-aq, demokratikali’q bag`darlanshwshi’ ha`m wolarg`a tiykarlani’wshi’ usi’ rawajlani’w joli’ insaniyli’q, demokratikali’q ha`m xuquqiy ja`miyet quri’w joli’ si’pati’nda ayti’p wo`ti’ldi. Puqarali’q ja`miyetti’n` quri’li’wi’, yen` da`slep, usi’ ja`miyette jasap ati’rg`an pu`qaralardi’n` ma`nawiy-a`deplilik ja`repten, ruwxi’y ta`repten jetisken, joqari’ da`rejedegi aqi’l wo`y-ori’sqa iye yekenlikleri’ne baylani’sli’ boladi’. Sonday-aq, puqarali’q ja`miyette a`mel yeti’wshi social wo`lshewler a`ne sol ja`miyette jasawshi’ shaxslar ta`repinen jarati’ladi’.

Milliy ma`deniy miyras u`lgileri ha`m wolar mazmuni’nda sawle salg`an ideyalar jas awlatti’ barkamal shaxs yeti’p ta`rbiyalawda kerekli a`hmiyetke payda yetedi.

Muzi’ka ta’rbiyasi’ uli’wma ta’rbiyani’n’ tiykarg’i’ bolimleri’nen boli’p, a’ti’raptag’i’ gozzal na’rselerdi sanali’ tu’rde sezip woni’ tusi’ne ali’wg’a uyretedi. Muzi’ka insanni’n’ ruwhiy dunyasi’n qa’li’plesti’redi.

Muzi’ka ma’deniyati’ – estetika ta’rbiyasi’ni’n’ kerekli bazasi’ bo’li’p, jas awladti’ kamalg’a yelti’wde wo’g’an jetisisiwi ushi’n ta’sir eti’wshi protsess. Bul protsess  mektepten baslap qa’li’plesedi ha’m jas awladti’n’ ishki du’nyasi’n bayi’ti’p, putkil wo’miri dawami’nda wo’g’an joldas bo’li’p baradi’. Muzi’kani’ seze ali’w ha’m  muzi’kali’q estetika ta’rbiyasi’ni’n’ tiykari’ –muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’ esaplanai. Baslawish klasslarda ha’m de jo’qari’ klasslarda muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’n  unemli wo’ti’w ha’m muzi’ka ta’siri asti’nda balalarda boli’p ati’rg’an fiziologiyali’q ha’m psixologiyali’q processlardi’ aldi’nnan an’law ha’m tu’si’niw muzi’ka pa’ni  wo’qi’ti’wshi’si’ aldi’na talap waziypalardi’ jukleydi. Sol menen birge bo’lajaq muzi’ka wo’qi’ti’wshi’si’ muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’nda beriletu’g’in ba’rshe wo’qi’w materiallari’n puxta ha’m teren’wo’zlesti’rip ali’wi’ kerek.

Muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’nda muzi’kali’q ta’limni’n’ tiykari’n qurawda fortepiano sa’z a’sbapi’ penen birgelikte, qaraqalpaq ha’m o’zbek xali’q sa’z a’sbaplari’nda muzi’kali’q shi’g’armalardi’ atqari’a ali’w ulken a’hmiyetke iye.

Woqi’ti’wshi wo’z jumi’si’na jaqi’ndan jantasi’p, do’reti’wshiligi menen da’sturiy talaplarg’a say sabaq wo’ti’wi kerek.

Muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’nda bizge belgili bolg’an ja’ma’a’ bo’li’p atqari’w, muzi’ka sawati’, muzi’ka ti’n’law siyaqli’ tiykarg’i’ muzi’kali’q jumi’slardi’ wo’z ishi’ne aladi’. Ba’rshe sabaq isleri bir-biri menen jaqi’nan bir putkillikti payda yeti’wdi ko’rsetedi. Muzi’kali’q islerdi’n’ wo’z-ara bir-biri’ne saylig’i na’tiyjesi’nde wo’qi’ti’wdi’n’ rawajlandi’ri’wshi’, ta’lim-ta’rbiyali’q waziypalari’ a’melge asi’ri’ladi’.

Bugingi kunde, muzi’ka ma’deniyati sabaqlari’n ilimiy-metodikali’q ta’repten ha’r ta’repleme qa’li’plesti’riw, wo’qi’wshilardi’n sanasi’na ha’m qa’libine muzi’kani’n’ ta’siri’n tuwri an’lay bili’wi, ha’m de muzi’kani’n’ inson organizmi’na fiziologiyali’q ha’m psixologiyali’q ta’siri’n ilimiy uyreniw muzi’ka wo’qi’ti’wshi’si’ aldi’na actual waziypalardan biri bo’li’p yesaplanadi.

Muzi’ka iskusstvosi juda’ ta’sirshen’ boli’p wol wo’qi’wshi’ni’n’ sanasi’na emocional ta’sir yetedi ha’m wolarda qo’siqshili’qqa bo’lg’an qi’zi’g’i’wi’n kusheytedi.

Insanni’n’ i’rqi’, milleti, ti’li ha’m basqa wo’zgeshelikleri’ne aramay woni’n’ qalibine jo’l tabi’p, sezimleri, keypiyati’, ruwhiy jag’dayi’na tawlaniwshi ren’-beren’ na’zi’k dawislar ja’rdemi’nde ko’rkem wobrazlar arqali kushli emocional ta’sir ko’rseti’p, wozine tarta ali’wshi ajayip ta’rbiya qurallari’nan biri – muzi’ka iskusstvosi. Soni’n’ ushi’n muzi’ka ta’limi ha’m ta’rbiyasi’na juwapgershilik penen jantasi’p, wog’an ayri’qsha itibar beriw kerek.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n` aktualli’g`i’.** Bugingi kunde ta’lim si’patlari’n jaqsi’law ma’selesi Ma’mleketlik Ta’lim Standarti’ tiykari’nda a’melge asi’p barmaqta. Ma’mleketimizde a’meliyatqa yen’gizili’p ati’rg’an zamanagoy ta’lim-ta’rbiya dizimi na’tiyjeliligin asi’ri’w, mul’timediya qurallari’ ha’m axborot-kommunikaciya texnoligiyalari’nan sapali’ paydalani’w boyi’nsha metodikali’q ja’rdem ko’rseti’w wo’qi’ti’wshi’ sheberligine baylani’sli. Kadrlar tayyarlaw milliy dasturi’nde de woqi’ti’wdi’n’ milliy ha’m zamanagoy si’patlari’n ja’nede jeti’listi’riw ma’seleleri’n ilgeri surmekte ha’m de bul ma’selelerge ha’r qashang’i’dan da juz ta’repinen ulken itibar berilmekte. Muzi’ka ta’limi’n beriwshi woqi’w wori’nlari’nda wo’qi’w bina’lari’n qayta rekonstrukciya yeti’li’p, texnika qurallari’, ta’lim qurallari’, muzi’ka sa’z a’sbaplari’ menen ta’miyi’nlemekte.

Muzi’ka ta’limi ha’m ta’rbiyasi’n ja’nede jaqsi’law haqqi’nda Prezidentimiz I. A. Kari’movni’n’ islep ati’rg’an g’amxo’rli’qlari’ ha’mmemizge belgili.

Bunday ilajlardi’n` ma`mleket ta`repinen a`melge asi’ri’li’wi’, ma`mleket siyasiy-ma`nawiy rawajlani’w jollari’nda da milliy ta`rbiyani’ joqari’lati’wda da ma`mleket basshi’ boli’wi’, bul ma`nawiy bag`darlardi’n` fundamenti’n tiykarlap beriw ayri’qsha ayti’p wo`ti’ldi.

Ma`mleketti’n` bas maqseti jaslarda joqari’ ma`nawiy pa`ziyletlerdi’n`, bay ma`deniy miyrasi’mi’z, tariyxi’mi’z, uli’wmainsaniyli’q qadiriyatlari’na xurmet, Ana Watang`a muxabbat, milliy g`arezsiz ideologiyasi’na sadaqat ruwxi’nda ta`rbiyalaw waziypasi’ ta`lim tarawi’nda islewshi ta`rbiyashi’ ha`m woqi’ti’wshi’larg`a ju`kleti’lgen.

Ta’limni’n’ ba’rshe turleri ha’m basqi’shlari’ndag’i’ ayri’m mashqalalardi’ ha’m ma’selelerdi sheshiwge qarati’lg’an O’zbekistan Respublikasi’ Joqari’ ha’m wo’rta arnawli’ bilimlendiriw mi’ni’strligi, O’zbekistan Respublikasi’ Xali’q ta’limi Mi’ni’strligini’n’ 2008 jil 30 aprel’ № 117/18 Qo’si’msha qarari ba’rshe pa’nler qatari’nda uzliksiz muzi’ka ta’limi’ndegi baylani’sti’ ta’miyi’nlew maseleleri’n sheshiw ila’jlari’n da belgileydi.

Usi’larg’a qaramay bul tuwrali’ yelide isleniwi kerek waziypalar bir talay. Sonli’qtan mektepte ta`lim-tarbiya processi’nda wo`qi’wshi’lardi ha’r ta’repleme ta’rbiyalap wolarg’a bilim beriw ha’m ma’mleketimiz ta’repinen berili’p ati’rg’an mumkinshiliklerden si’patli paydalang’an jag’dayda sabaq wo’ti’w woqi’ti’wshi’ni’n’ basli’ wazi’ypasi’.

Mektep wo`qi’ti’wshi’lari’ a’sirese baslawi’sh klass wo`qi’wshi’lari’uvchilari’ sanasi’ ha’li qa’li’plespegen, sawati’ jo’q, an’si’z boladi’lar. Wolardi’n’ muzi’ka sabag’i’ processi’nda ta’limdi tuwri’ ha’m toli’q ali’wlari’ ushi’n baslawi’sh klass dawirleri’nde wolardi’n’ milliy ruwhta ta’rbiyalaw wolardi insane reti’nde woz Watani’n suyip, wo’ni’n’ dawamshi’lari’ boli’wlari’nda barkamal jaslardan quralg’an ma’mleket fundamenti’n jasaydi’.

Baslawi’sh klasslarda muzi’ka ta’limi arqali’ milliy sezimlerdi ta’rbiyalawda folklor qosi’qlari’n u’yreti’li’p bariwi Kadrlar tayarlaw milliy da’sturi’ni’n’ yen’ basli aktual ma’seleleri’nen bir boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq fol’klor qosi’qlari’nda wo`zara birlesken sa’z ha`m namani’n` ta`sirshen` kushi, ta`rbiyali’q mumkinshilikleri sheksiz. Wolar ja`rdemi’nde tu`si’ndirilgen u`git-nasiyxatlar shaxs ta`repinen tez qabi’l yeti’ledi.

Sonli’qtan biz tan’lag’an tema “Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’” dep atali’p aktual ma’sele yesaplanadi’.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ maqseti ha’m waziypalari’**

Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’ haqqi’nda ma`g’li’wmatlardi’ ha’m metodlar ja’mlengen usi’llardi’ usi’ni’w.

Usi’ maqsetten keli’p shi’g’i’p aldi’mi’zg’a bir neshe waziypalardi’ qoydi’q. Bular:

- Baslawi’sh klass wo’qi’wshi’lardi’ fiziologiyali’q ha’m psixologiyali’q wo’zgesheligin uyreniw;

- Muzi’ka fol’klori’ boyi’nsha baslawish klass wo’qi’wshi’lari’ jasi’na say repertuarlari’n tallaw;

- Temag’a say bolg’an a’debiyatlar, ilimiy jumi’slar juwmag’i’, ilimiy maqalalar ha’m metodlardi’ wo’qi’p uyreniw ha’m wo’ni’n’ ob’ekt yesabi’nda uyrenip ati’rg’an ma’seleni ashi’p beriwshi sheshimleri’n uyreniw;

- Qollani’latug’i’n metodlardi’ gipoteza yeti’w;

- Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’ haqqi’nda mag’li’wmatlardi’ toplaw, juwmaqlasti’riw ha’m jollari’n usi’ni’w.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ metodikali’q a’hmiyeti** baslawi’sh klass wo’qi’wshi’lari’ni’n’ fiziologiyali’q ha’m psixologiyali’q wozgeshelikleri’n uyreniw, fol’klor qosi’qlari’n ta’rbiyali’q a’hmiyeti’n toplaw, woqi’wshilarg’a uyreti’w jollari’n izlengenliginde.

**Jumisti’n’ jan’ali’g’i’**. Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’ haqqi’nda ma`g’li’wmatlardi’ ashi’p berilgenliginde ha’m juwmaqlawshi’ usi’ni’slar.

**Jumisti’n’ duzilisi.** Kirisiw, yeki ba’p, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlardan turadi’.

## I-Bap.Muzi'kani'n' ta'rbiyali'q a'hmiyeti ha'm xali'qi'mi'zdi'n' fol'klor janri'

### 1.1. Fol'klor qosi‘qlari‘ mazmuni‘ ha'm tariyx betleri

Qaraqalpaq xali'qi' a`yyemden-aq wo`z muzi'ka ma`deniyati'na iye bolg`an. Kitap, jazi'w-si'zi'w qa`liplespegen waqi'tlarda xali'q qosi'qlari', dastanlar, termeler ja`miyet ushi'n wozine say sabaqli'q, kitap ha`m mektep waziypasi'n atqarg`an.

Sonli'qtan da ata-babalarimi'zdi'n` salamat a`wlatti' ta`rbiyalawdag`i', ruwxi'y bay adamlardi' qa`liplestiriwdegi birinshi pedagog mug`allim, da`stlepki woqi'ti'wshi' xali'qti'n` wo`zi dep biykar ayti'lmag`an.

Wolar xali'q folk'lor qosi'qlari' arqali' tariyxtan sabaq alg`anlar, qanshadan-qansha xali'qti'n' fol'klor qosi'qlari, wolardi'n' soyleytug'i'n so'zlerin folklor qosi'qlari' arqali' sawlelengen. Ha`m de tariyx betlerinde xali'qti'n' wotmishi folklor janri' arqali' saqlani'p qalg'an. Soylewshi duwtari'n ha`m qobi'zi'n soyletken, sol arqali' arzi'w umit, da'rtlerin yeritken.

Fol'klor (ingliz tilinde Fol'k-xali'q, lore - bilim, danali'q) – xali'q do'retiwshiligin ko'rsetiwshi atama. Pa'nge 1846 ji'lda ingliz arxeologi U.J.Toms ali'p kirgen. XIX a'sirdi'n' 80-90 ji'llari'ndan Fol'klor atamasi' ko'plep ma'mleketlerde qollani'li'p basladi'. Sol ji'llardan baslap bul atama ken' ma'nide xali'q do'retiwshiligin ba'rshe tarawlari'n – xali'q poeziyasi', xali'q bayati', muzi'kasi', ayaq woyi'ni', suwretlew wo'neri, mu'sishilik, woymakarli'q, di'niy isenimlik ha'm a'detleri tusinilse, tar ma'niste tek so'z iskusstvosi'ni'n'-xali'q awizeki poetikali'q do'retiwshiligi tu'sinigin ko'rinedi.

Fol‘klor qosi'qlar mazmuni'nda milletti'n` ishki jag`dayi, keshinmeleri, ruwxiyati, ruwxiy du`n`yasi, woy pikirleri, maqset ha`m woylari ha`mde quwani'shlari' menen baylani'sli pikirler ji'yi'ni'.

Ja`nede bul ja`miyettegi belgili siyasiy, xuquqiy, a`deplilik, di'niy, ko`rkem, filosofiyali'q, ilimiy ko`z qaraslar, pikirler ha`m ideyalar toplami‘

desek de boladi’. Yag`niy, pu`tkil bir barli’qti’n` ja`miet turmi’si’ni’n` ruwxiy-siyasiy xa`kisi, woni’n` insan sanasi’na ta`sir yetiwi, insan ta`repinen aqlani’p pu`tkil dizimge keltiriliwi ha`mde bul dizimdi’n` a`meliy jumi’s sharayiti’nda teoriyali’q ha`mde ruwxiy tirek boli’p xizmet yetedi.

Qadimgi ata-babalarimi’z yel Watani’nnan shig`i’p du`n`ya gezip, sawat ashi’p, g`ariplikte jurip wolar Watan, Ana jurt sag`i’ni’shi’n wo`zlerinde tu`yip wo`z Ana Watanina bolg`an, milleti’ne bolg`an miyirli’li’gi’ rawajlanip wo`zlerinde milliy ideologiyali’q sezimlerdi, bilimini qa`liplestirip yel ushi’n ustaz, woyshi’l waziypalari’n wori’nlag`an.

Ta`lim-ta`rbiya tarawi’nda da`stu`rlerden paydalani’p ulli’ woyshi’llar Alisher Nawayi, Ibn Sino, Al-Farobiylar wo`z miynetlerinin` bir bo`legin muzi’ka ma`deniyati’na bag`ishlag`anlar.

Qaraqalpaq yoyshillari izleniwler na`tiyjesinde milliy da`stu`rlerdi, atqari’wshi’lardi’n` ustaz-shakirt da`stu`rin islegen ji’raw baqsi’lar Si’pi’ra ji’raw, Jien ji’raw, Ajiniyaz, Berdaq shayi’rlar si’yaqli’ dani’shpanlari’miz milliy muzi’ka ma`deniyati’n bayi’ti’wda wo`z do`retiwshiligi menen xizmet yetken.

Qaraqalpaq xali’qi’ ruwxi’y miyrasi’nda milliy muzi’ka da`stu`rlerinin` jaslar ta`rbiyasi’nda ideologiyali’q qa`liplesiwindegi tutqan worni’ ayri’qsha a`hmiyetke iye.

G`aressiz ma`mleketimiz siyasati’, Ma`mleketlik ta`lim standartlari’ talaplari’ da usi’ ma`selege tiykarlang`an.

Sonday-aq, muzi’ka ta`limi arqali’ woqi’wshi’lardi’n` milliy ideologiyali’q sezimlerin qa`liplestiriw xa`zirgi ku`nde aktual ma`selelerden biri.

Ta`lim ali’wshi’ woqi’wshi’larg`a qaraqalpaq milliy muzi’kali’q da`stu`rlerinin` tariyxi’y ta`rbiyali’q a`hmiyeti’n sabaq processi’nde balalarg`a jetkerip beriw, wolardi’ ma`nawiy jaqtan ha`m bilimli yetip ta`rbiyalaw muzi’ka ta`limi woqi’ti’wshi’si’ni’n` yen` kerekli, aktual wazi’ypalari’na kirip, bay ma`deniy miyrasqa, pedagogikali’q a`hmiyetke iye qaraqalpaq da`stu`riy muzi’kalardi’ woqi’wshi’larg`a muzi’kali’q ta`lim-ta`rbiya beriwde qosi’q

mazmuni’n jetkerip beriw, usi’ process arqali’ wolarda Watang`a su`yispenshilik, milliy da`stu`rlerine xurmet, kami’lli’q sezimlerin woyati’w ha`m rawajlandi’ri’w ma`selesi ha`zirgi ku`nde ta`lim sistemasi’nda yen` aktual ma`selelerden sanaladi’.

A`yemgi qaraqalpaq aymag`i’nda an`shili’qqa baylani’sli’ kelip shi’qqan i’rg`aqli’ woyi’nlar woynaw, qosi’q ayti’w, usi’ arqali’ jaslardi’ estetikali’q ruwxta ta`rbiyalaw ku`ta` yerte da`wirlerden beri dawam yetip kelgenligi bayqaladi’.

A`yemgi dawirde an`shilar an`g`a shi’g`i’w aldi’nda aldi’n ala shi’ni’g`i’wlar wo`tkergen. A`sirese wolar woynag`anda ko`pshilik waqi’tta wo`zleri islegen miynet xa`reketlerin sawlelendirgen. Woyi’n mazmuni’ si’yaqli’ da`wirler ha`m totemizm di’ni menen de baylani’sli’ quwani’shli’ ha`m qayg`i’li’ da`stu`rlerdi sawlelendirgen.

Buni’ qaraqalpaq xali’q woyi’ni’ «Shag`ala»ni’n` mazmuni’nan bayqaymi’z. Shag`ala an`shi’li’qqa, bali’qshili’qqa baylani’sli’ ku`ta`yerte da`wirlerden beri bar woyi’n. Woyi’nda shag`alani’n` suwdan bali’q uslaw xa`reketleri sawlelenip, woyi’nshi’ yeki qoli’n yamasa qanat si’pati’nda uslap dizesin bukpesten jerdegi bali’qti tumsi’g`i’ menen ilip ali’w sha`rti qoyi’lg`an.

Woyi’n da`wami’nda i’rg`aqli’, ta`kirarlani’p turi’wshi’ qosi’q ayti’lg`an. Qaraqalpaq xali’q namasi’n yeki greppag`a dastan ha`m qosi’qlarg`a bo`liw mumkin.

Basqa xali’qlardi’n` qosi’qlari’ si’yaqli’ miynetke arnalg`an qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’ miynet processi’nda miynetke bekkem baylani’sta payda boldi’.

Wolar a`dette kishkene diopozonda boli’p, wo`zinin` ko`p apiwayi’li’g`i’ ha`m qi’sqali’g`i’ menen wo`zgeshe. Wolarda ha`r bir dawi’sqa teksti’n ha’r buwi’ni’ say kele beredi.

Miynet qosi’qlari’ ko`binese jan`i’ltpash xarakterde boli’p, kupletlerden quraladi’.

Xali’q qosi’qlari’nin`ritmikasi ayri’qsha a`hmietke iye, wol qosi’qlardi’n` duzilisi menen ti’g`is baylani’sli’.

Xali’qti’n` ag`artiw doretpelik islerine wo`z ma`deniyati’n rawajlandi’ri’w jumi’slari’na u`mti’li’wi’n xesh qanday na`rse toqtatpaydi’.

Xa`zirgi ku`nlerimizge shekem saqlani’p kelgen qaraqalpaq muzi’ka doretpeleri wo`zine ta`n bolg`an wo`zgeshelikleri menen qi’zi’qarli’. Qaraqalpaq ji’rawlari’, xali’q shayirlari ta`repinen burinan ayti’li’p jurgen ko`plegen dastanlardi ayti’p wo`tiwi mumkin. Ji’raw ha`m baqsi’lardi’n` doretiwshilik jumi’slari xali’q  qaharmanlari’na, bati’rlari’na arnalg`an, wolar sol bati’rlar tuwrali da`stan, qosi’qlar do`retken ha`m ji’rlag`an.

Qaraqalpaq xali’q namalari yeki toparg`a – dastan ha`m qosi’qlarg`a bo’liw mumkin. Baqsi’ xali’qlardi’n` qosi’qlari’ si’yaqli’ miynetke bekkem baylani’sta payda boldi’. Wolar a`dette kishkene diopozonli’ boli’p, wo`zinin` ko`p a`piwayilig`i ha`m qi’sqali’g`i’ menen wo`zgeshe. Wolarda  ha`r bir seske teksti’n bir buwi’ni’na say kele beredi. Miynet qosi’qlari’ ko`binese jan`i’ltpash xarakterde boli’p, kupletlerden quraladi’. Xali’q qosi’qlari’nin` ritmikasi’ ayri’qsha ahmietke iye, wol qosi’qti’n` duzilisi menen tig`i’s baylani’sli’.

Qaraqalpaqlarda adamdi’n` jeke ji’rlaw formasi’ ko`birek rawajlang`an boladi’. Ayri’m qosi’qlardi’ yeki-ush ji’rshi’ yamasa saz a`sbaplardi’n` ansambli atqari’w kem ushi’rasadi’.

Duwtar shertken ataqli’ sazende ha`m qosi’qshilar jan`a dastanlardi’ qobi’zg`a janapay ayti’wshi ji’rawlar xali’q arasi’nda ayri’qsha qa`dirlewge ha`m xurmetke iye boldi’.

Ji’rawlardi’n` repertuari’na «Alpami’s», «Maspatsha» ha`m «Qi’rq qi’z» da`stanlari’ ayri’qsha wori’n aladi’. Qon`ratli’ Nurabulla, Shi’mbayli’ Abdurasuli, Taxtako`pirli Izimbet ha`m belgili ji’rawlar bolg`an.

Qaraqalpaqstanda ji’rawlardan ti’sqari’ baqsi’, lirikali’q qosi’qlardi’ duwtarda atqaratug`i’n baqsi’lar bar. Wo`tken a`sirdi’n` yekinshi yarmi’nda jasag`an To`rtko`lli Muwsa baqsi’, Shi’mbayli’ Shernazar baqsi’, Shabbasli Juma baqsi’ qaraqalpaq xali’qinin` yen` jaqsi ko`rgen baqsi’lar boldi’.

Qaraqalpaq xali’qi’ni’n` doretiwshilik isleri qon`si’ xali’qlar ma`deniyati’ menen tig`i’s baylani’sta boli’p repertuarlari bir birin tolti’ri’p turadi’.

Fol`klordi’n` muzi’kali’q bayli’g`i’ qaraqalpaq muzi’ka doretpeleri rawajlandi’ri’w ushi’n ushi’n tiykar boldi’.

Tariyx betlerinen wori’n alg`an muzi’ka da`stu`rleri yeldi’n` qanday xali’q bolg`anlig`inan derek beriwshi yen` tuwri mag`lumat boladi’.

Xali’q doretiwshiliginde fol`klor qosi’qlari’ ko`p janrlardi wo`z ishine aladi. Qaraqalpaq fol`klori’ ko`p janrlardi’ wo`z ishine aladi’. Qaraqalpaq fol`klori’ mazmuni’ ha`m temalari’ boyi’nsha turmi’sti’n` wog`ada a`hmietli ma`selelerin so`z yetedi.

Janri’ ha`m ko`lemi jag`i’nan qaraqalpaq fol`klori’ ku`ta` bay. Mayda qosi’qlardan, jan`i’ltpash, jumbaq, naqi’l-maqallar ha`m lirikali’q qosi’qlar menen bir qatarda povest`, romanli’q mazmundag`i’ yertekler, ayti’si’wlar, da`sta`nlar, legendalar, uzaq terme-tolg`awlar qaraqalpaq fol`klori’ni’n` tiykarg`i’ bayli’g`i’ boli’p tabi’ladi’.

Fol’klorli’q shi’g`armalari’ni’n` ha`r birinin` turmi’sli’q deregi, do`reliwi sebebi bar. Fol`klordi’n` ayri’m tu`rleri di’niy tu`sinik, inani’mg`a baylani’sli’ do`regen Mi’sali’, ba`dik, zikir, yaramazan h.t.basqalar islam di’ninin` ta`siri menen payda bolg`an.

Turmi’s salt-ji’rlari’ xali’qti’n` uzaq a`sirlerden beri saqlang`an u`ri’p-a`deti’ne baylani’sli’ do`regen)ha`wjar, bet ashar, besik ji’ri’, yesittiriw, kewil ayti’w, xoshlasi’w da kiredi).

Da`stanlar, legendalar belgili tariyxiy da`wirlerdegi waqiyalarg`a baylani’sli’ ju`zege keledi.

Qaraqalpaq fol`klori’ni’n` shi’g`armalari’ni’n` ishinde da`stanlar ayri’qsha ori’ndi’ iyelleydi.

Da`stanlar tiykari’nan yeki toparg`a bolinedi.

Birinshi-qaharmanli’q waqiyag`a baylani’sli’ do`regen shi’g`armalar. Bug`an, «Qi’ri’q qi’z», «Yedige», «Qoblan» h.t.b. jatadi’.

Yekinshi – ashi’qli’q, muhabbet temasi’n suwretleytu`g`i’n liro-eposlar. Bug`an, «G`a`rip-ashi’q», «Yusip-Ahmet», «Sayatxan Ha`mra» h.t.b. da`stanlar kiredi.

Xali’q arasi’nda ken` tarqalg`an da`sta`nlardan biri tu`rli liro-eposlar yamasa ashi’qli’q ji’rlari’. Wolardi’n` atqari’wshi’lari’ baqsi’lar.

«G`a`rip-ashi’q», «Yusip-Ahmet», «Sayatxan-Ha`mra», «Go`rwg`li’» da`stanlari’ baqsi’lardi’n` atqari’li’wi’nda taralg`an ha`m saqlang`an, baqsi’lardi’n` saz a`sbapi’ duwtar. Baqsshlardi’n` qasnda girjekshiler ha`m balamanshi’lar da bolg`an.

Baqsi’larg`a qarag`anda ji’rawlar a`dewir yerte da`wirle payda bolg`an. Ji’rawlar ha`m baqsi’lardi’n` ishinen do`retiwshilik uqi’pqa iye talant iyeleri bolg`an. Wolar xali’qti’n` so`z wo`nerin saqlawshi’lar boli’wi’ menen `irge, wo`zleri de nama do`retiw qa`bidlieti’ne iye talantli’lar esaplang`an. Mi’sali’, «Wormambet biy tolg`awi’», Abdir namasi’, Turi’mbet namasi’, I’zimbet joli’ h.t.b. ji’raw namalari’ menen birge «Alaqayi’s», «Ari’wxan», «Adi’n`nan», «Jalari’» lar qaraqalpaq baqsi’lari’ni’n` ayti’wi’ menen saqlani’p, solardi’n` talanti’nan do`regen namalar yesaplanadi’.

Ji’rawlardi’n` repertuarlari’nan tolg`aw, termeler ken` wori’n alsa da baqsi’lar repertuari’nan ayti’m qosi’qlari’ ken` wori’n alg`an.

Xali’q qosi’qlari’n, ji’rlari’n tarati’wshi’ ha`m atqari’wshi’lar yesaplang`an ji’raw ha`m baqsi’larg`a ta`n wo`zgeshelik bul improvizatorli’q wo`zgeshelik.

Wolar birinshiden, atqaratu`g`i’n namasi’na, qosi’g`i’na du`ris ba`habere aladi’, jaqsi’ tu`singen jag`dayda anaw mi’naw namani’ ji’rlap woti’ri’p woni’ ti’n`lawshi’larg`a qarap wo`zgertirip, wog`an wo`zinin` qasi’na so`z qosi’p jiberiwi de mumkin. Mi’sali’g`a bir dastanni’n` wo`zinde bir neshe da`wirdi’n` tu`sinigi, bir neshe a`wlatti’n` ko`z-qarasi’ usi’ boli’wi’ni’n` da tiykarg`i’ sebebi usi’nday. Ja`nede ha`r bir atqari’wshi’lardi’n` ayti’w joli’ ayri’qsha boli’wi’ni’n` sebebi de sonda bolsa kerek. Geyde anaw yamasa mi’naw da`stanni’n`, ji’rdi’n`, qosi’qti’q tiykarg`i’ syujeti’n, motivin saqlaw woni’ jan`a shi’g`arma si’pati’nda rawajlandi’ri’p qayta islep atqari’wda ko`plep ushi’rasadi’.

Bunda da tiykarg`i’ wori’ndi’ atqari’wshi’lardi’n` atqari’w sheberliginen uqi’bi’ belgili wori’ndi’ iyelleydi.

Atqari’wshi’larg`a say tag`i’ bir belgi wolardi’n` u`staz shakirt tarbiyalaw da`stu`rinin` dawam yetiwinde.

Uzaq da`wirlerden beri qaraqalpaqlardi’n` wo`zinshelik da`stu`riy mektebi bolg`an.

Sha`kirtlerin bir neshe ji’llap birge toy marasi’mlarg`a iyertirip ju`rgen, basqa atqari’wshi’larg`a sha`kirtlikke bergenler, sebebi wolar ayti’w usi’llari’ ha`m repertuarlari’ni’n` ko`beyiwi ushi’n wo`z u`stazlari’nan patiyasi’n ali’p xali’q arasi’nda xi’zmet yetkenler.

Wolar toy-merekelerde wo`zlerini pa`lenshe degen atqari’wshi’ni’n` sha`kirtimen dep maqtani’sh yetkenler.

«Qi’ri’q qi’z»da`stani’ni’n` bizge miyras yetip qaldi’rg`an Qurbanbay ji’raw bul da`standi’ da`stlep Jiyen ji’raw, woni’n` sha`kirdi Xalmurat ji’raw, wonnan Shanqay ji’raw, wonnan Qazaqbay ji’rawlardi’n` atqari’p kelgenligin bayan yetedi.(Jiyemurat ji’raw ustazi’).

Qaraqalpaq xali’q da`stanlari’ni’n` atqari’wshi’si’ ji’rawlardi’n` arasi’ndan xali’qqa ken`nen belgili ji’rawlardan ataqli’ Wo`giz ji’raw Niyaz uli’ (1884-1954), «Alpami’s»da`stani’n jazi’p ali’ng`an. 1937 ji’li’ Moskvada baspadan shi’qti’, ha`zirge shekem 4 ret baspadan shi’qti’.

Qaraqalpaq xali’qi arasi’nda instrumentalli’q muzi’ka taralg`an bolsa-da xali’q muzi’ka saz aspaplari ko`p yemes.Tarli’ saz jardeminde shertiletug`in tarli’ muzi’ka instrumentlerinen Qaraqalpaqstanda qobi’z ham gidjek qollani’ladi, barmaqlar menen, shertiletug`in instrumentlerden duwtar ha`m duxovoy muzi’ka instrumentlerinen- balaman shertiledi, gidjek qobiz ha`m duwtar qollaniladi.

Qobi’z tar tag`ilg`an muzi’ka a`sbapi’, wol taralg`an muzi’ka asbapi’, wol kamanshani’n` ja`rdeminen shertiledi. Qobi’z tutas woyilg`an ag`ashtan islenedi. Woni’n` grifi ham korpusi bir jaqqa bu`gilgen.

Korpusti’n` to`mengi bolegine tu`ye terisi qaplanadi’. Wonda atti’n` quyri’q qi’li’nan islegen yeki tar tag`i’li’p, bul tarlar kvartag`a sazlanadi. Qobi’z sesinin` ko`lemi bir yarim yeki oktava intervali’nda jaylasqan.

Kamansha saadak yamasa skobka formasinda bu`gilgen tayaqtan quraladi’, wonda ji’lqi’ qi’llari’ni’n` qali’n tobi’ yerkin wornati’ladi’.

Qobi’zdi’n` uli’wma uzi’nli’g`i’ 70-75 sm. Wol girjek si’yaqli’ dizege qoyi’li’p shertiledi, biraq barmaqlar tardi’ basqanda grifke tiymeydi, tek tarlar arasi’nda si’pti’ri’li’p woynap turadi’.

XVII a`sirde jasagan muzi’ka izertlewshisi Darvish Alidi’n` ayti’wina qarag`anda wo`zinin` ko`rkemligi, wo`zini bir turdegi tempine tembrina iye bolgan qobi’z ku`ta` a`yyemgi  instrument boli’p yesaplanadi’.

Qobi’z muzi’ka teoriyasi’n jaqsi’ u`yrenip alg`an XIVa`sirdi’n` belgili muzi’kanti Sultan Uayisti’n` zamani’nda qollani’ldi dep ko`rsetedi Darvish Ali.

Qaraqalpaqstanda qobi’z ansambline kirgiziledi, biraq wol ko`binese da`stanlardi’ atqari’wda ji’rawlar ta`repinen paydalani’ladi’. Qobi’z qazaqlardi’n`da, qirg`izlardi’n` da muzi’kali’q instrumenti’na kiredi.

Atqariwshili’q wo`neri qaraqalpaq xali’qi’ni’n` yen` yeskiden kiyatirg`an su`yikli wo`nerpazlari’mi’zdi’n` bir topari’n quraydi’. Wolardi’n` sazi menen so`zi miynet adamlari’ni’n` tilegine u`lles, tilegine say boli’p keledi. Xali’qti’n` a`debiyati menen iskusstvosi’ni’n` rawajlani’wi’nda belgili da`rejede u`les qosqan atqari’wshi’lardi’n` xizmeti xali’qimizdi’n` ko`p a`sirlik tariyxi’ni’n` alti’n betlerin toli’qti’radi’. Wolar wozlerinin` kelip shi’g`i’wi’ jag`i’nan teren` tariyxiy tami’rlari’na iye.

Qaraqalpaq xali’qi’ni’n` a`yyemnen kiyatirg`an basi’p ali’wshi’larg`a  ha`m u`stem toparlarg`a qarsi’ guresi, wolardi’n` joqari moralli’q o`zgeshelikleri, miynet qatnasi’q ma`deniyati’ atqari’wshi’lar ta`repinen wo`z tvorchestvosi’nda ko`rkem boyawlar menen si’zi’p berilgen. Sonli’qtan da xali’q namalarin dastanlari’n saw, paydalani’w da`stu`rinde atqariwshilardi’n` tutqan worni wog`ada ulli’.

Belgili qaraqalpaq ilimpazlari’ N.Dawqaraev, Q.Ayimbetov h.t.b.qaraqalpaq ji’rawshi’li’q mektebin Si’pi’ra ji’rawdi’n` ati’ menen baylani’sti’radi’. Wolar

Toqtami’s xanni’n` tusi’nda Nog`ayli’ Soyuzi’ni’n` qulaw dawirinde jasag`ani’ tuwrali’ mag`lumat berilgen.

Xali’qi’mi’z arasi’nda xali’q qosi’qlarsh wog`ada ken` taralg`an. Wolar ko`p tu`rli tematikali’q jaqtan bay. Mun` sher, sag`i’ni’sh sezimlerine, sonday-aq ha`r tu`rli ka`sipke baylani’sli’ do`regen qosi’qlar, woyi’n da`lkek, ha`zil qosi’qlari’ xoshlasi’w qosi’qlari’, miynetke baylani’sli’ qosi’qlar, balalar qosi’qlari’, ayti’s qosi’qlari’, ayti’s ha`m ha`r tu`rli qosi’qlar ushi’rasadi’.

Bul qosi’qlardi’n` shi’g`ari’li’wi’ ha`r tu`rli jag`daylarg`a baylani’sli’ boladi’. Mi’sali’ qi’zlar qosi’qlari’nda mun`-sher, yelden, u`yden, su`yiklisinen, qatar-qurbi’lari’nan ayri’li’p, su`ymegen adami’na zorlap beriwdi’n` qayg`i’ ha`sireti’nen, ten`sizlikten kelip shi’qqan arzi’w-a`rmanlar, tilekler sa`wlelenedi.

Bul qosi’qlardi’q arnawli’ namasi’ boladi’. Bul qosi’qlarda basi’ina qi’yi’n ahwal tu`sken adamlardi’n` wo`zleri aytadi’, namasi’n wo`zleri shi’g`aradi’ yamasa basqa birewler namag`a saladi’, woni’ qosi’qshi’lar, baqsi’lar, qi’ssaxanlarda aytadi’. Mi’salg`a «Sharq iyirsem bi’lg`awi’shi’m qaraman», «Kettim a`rmanlar», «Ji’lamayi’n ba», «Ayrali’q», «Mun`li’ qi’z» h.t.b. qosi’qlari’n ayti’wg`a boladi’.

Xoshlasi’w qosi’qlari’ da qosi’qlar qu`rami’nda yelewli ori’n tu`tadi’ ha`m uzaq da`wirlerden saqlani’p kiyati’r.

Wol jeke adamlarg`a, yel xali’qqa, tuwan jerge baylani’sli’ da shi’g`arma bergen. Yesten ketpes, umti’lmas, adam jani’na qatti’ batqan ha`diyseler, xoshlasi’w qosi’qlari’n payda yetken.

Uli’wma alg`anda xali’q qosi’qlari’nda xali’q turmi’si’ ken`nen sa`wlelenedi ha`m ji’rlanadi’. Turmi’s salt-da`stu`r ji’rlari’ ha`zirgi ku`nde de xali’qi’mi’zdi’n` turmi’si’nda qollani’lmaqta. Mi’sali’ «Ha`wjar», «Bet ashar»lardi’n` jan`a tu`rleri do`relip, wolar xali’qqa xi’zmet yetpekte. Ta`rbiyali’q a`hmiyetke iye, turmi’s salt-da`tu`r ji’rlari’ jan`a bag`i’t almaqta.

Salt-da`stu`r ji’rlari’na «Besik ji’ri’», «Toy baslar», «Yaramazan» bulardi’n` ba`ri de wo`z xi’zmeti’n wo`z worni’nda atqari’p keledi.

Jumbaqlar – qaraqalpaq folk`lori’ni’n` belgili bir tu`rlerin biri boli’p, wol ko`p g`ana yellerdi’n` awi’zeki a`debiyati’nda bekkem saqlang`an. Ha`r bir xali’q woni’ wo`z tilinin` wo`zgesheliklerine qarap «tabiw», «sheshiw»turlerinde qollani’ladi’. Qaraqalpaqsha «jum» ha`m «Baq», «woylan ha`m tap» so`zinen ali’ng`an. Demek, bul janr so`z ma`nisin woylap tabiwg`a bag`ishlang`an.

Jumbaq so`zin wo`zi de sirli so`z boli’p woni’n` payda boli’w dawirleri sheshenlik wo`nerinin` jetiskenlik da`wirlerinen baslang`an. Soni’n` ushi’n da jumbaq bilimlilikti ha`m dani’shpanli’qti talap yetedi. Sebebi wonda tek so`z jasi’ri’nadi’. So`nli’qtan da jumbaqti juda` aqilli adamlar woylap tapqan. Jumbaqli’ muzi’kali’ ko`rinisiwi de boladi’. Jumbaq adamlardi’n` wo`zin qorshap turg`an tabiatqa, ha`r qiyli’ qubi’li’slarg`a bolg`an ko`z qaraslari’ tiykari’nda payda bolg`an. Wol zatlardi’n` tur-tusi, quri’li’si’na wo`zinshe baha beredi. Woni’n` ayri’m belgilerin si’patlar ati’n jasi’radi’. Al jumbaqti’ sheshiwshi adam bolsa, sol si’patlamalarg`a tiykarlani’p, woni’ sheshe aladi’. Soni’n` ushi’n da jumbaqti’ ayti’w yamasa bolmasa sheshiw ushi’n da bilimlilik, tapqi’rli’q ha`m ziyreklilik kerek. Jumbaq quri so`z menen ayti’lmaydi’. Woni si’patlaw ushi’n so`zdi jupkerlestiriw ha`m u`yqastiriw kerek.

Bir ja`g`inan jumbaqli’ so`z bolsa, yekinshi jag`inan ali’p qarag`anda qosi’q. Sonli’qtan da jumbaqlar «danali’q so`zler» boliw menen bir qatarda poeziyali’q si’patlamag`a iye.

Jumbaqti’n` tu`rleri ko`p. Wol yen` da`slep adamlardi’n` tabiat xaqqi’ndag`i’ tu`siniklerin ani’qlaw tiykari’nda payda bolg`an. Adamlar ku`n, tu`n, ay, juldi’z, ji’l ha`reketlerin wo`zlerinshe baqlag`an. Mi’sali’:

Won yeki shaqali’ daraq,
Ha`r shaqada wo`ti’z japi’raq,
Baltasi’z usta,
Ag`ashsi’z ko`rip saladi’. ( muz).

Sol tiykarda ka`sipke baylani'sli' jumbaqlar payda bolg`an. Diyqanshi'li'q, shari'washi'li'q, an`shili'q tuwrali' payda borg`an jumbaqlar bulardi'n` aydi'n dalili boli'p tabi'ladi'.

Ma`selen, piyaz haqqi'nda: «qabat-qabat toni' bar,

Kishkene g`ana boyi' bar»

(piyaz)

"Chin qushim chinni qushim,

Chin tepaga mindi qushim,

Tumshug'ini erga tirab

Elga salom berdi qushim"

(shaynek)

Bul jumbaqlarg`a qarag`anda tuye won yeki ayda, biye won ayda, siyir tog`i'z ayda, yeshki bes ayda, qoyanni'n` yeki yari'm ayda, tu`lkinin` ush ayda balalaytu`g`i'n ma`lim.

Jumbaqlar yerte da`wirlerinen baslap sabaqli'q si'pati'nda da u`yretilgen. Bug`an yen` basli sebep jumbaq woqi'wshi'ni'n` woy-wori'si'ni'n`, talg`ami'n ken`eytiredi. Ma`selen,

Sol tiykarda jumbaqlar balalardi'n` doretiwshiliginin` belgili bir da`stu`rlerine aylani'p ketken. Bul bag`darda umirbay Qayirbaevti'n` «Jumbaqlar», Ubayxan Sabirovdi'n` «Men janiltpash aytayin, sen jumbaq ayt» dep atalg`an kitaplari bar. Jumbaqlar shayirlar ta`repinen qayta islengende wondag`i woy menen ko`rkemlilik abden teren`lesip, fol`klordi'n` jazba a`debiyati penen ha`mde qosi'q penen baylanislarin kusheytedi.

Misali': Wo`zi da`nnen tuwi'lg`an,

beli qiynap buwi'lg`an,

U`y ishindegi si'pi'ri'q,

aldi'na tu`sip juwi'rdan. (piste)

Wo`zi qayshi' qulaqli',

terisi mami'q shumali',

Salem alsa xayt qoyg`an,
makani joq turaqli’. ( qoyan ).

A’sirler dawami’nda wo’si’p kiyati’rg’an a’wladti’n’ bilimli boli’p jeti’lisiwine ata-babalari’miz u’lken itibar bergen. A’sirese g’a’rezsizligimiz sharapati’ menen ha’zirgi ku’nde ma’deniyatqa degen qi’zi’g’iwshili’q ku’nnen ku’nge arti’p barmaqta. Respublikamizda son’g’i’ ji’llari’ ko’plegen woqi’w qollanbalar baspadan shi’g’ip woqi’w wori’nlari’nda paydalanip kelmekte.

Muzi’kani’n’ insan wo’miri’nde tutqan worni’ girewli. Sebebi hesh bir insan muzi’kasi’z wo’miri’n ko’z aldi’na kelti’re almaydi’. Turmi’si’ dawami’nda qosi’q penen tuwi’li’p birge qartayadi. Ha’r bir toy-merekeleri’miz, quwani’shli’ ku’nleri’mizde a’lbette fol’klor qosi’qlari’si’z wo’tpeydi. Ko’p a’sirler tari’yxi’na iye bolg’an qaraqalpaq xalqi’ wo’z turmi’s tirishiliginin’ karti’nasi’ si’pati’nda tu’rli janrda bay a’debiyat miyrasi’n do’retken. Wolar: salt-da’stu’r ji’rlari’, miynet ji’rlari’, xali’q yertekleri menen naqi’l-maqallari’, bati’rli’q da’stanlari’ ja’nede tuwi’li’p ati’rg’an xali’q qosi’qlari’ boli’p tabi’ladi’. Qaraqalpaq xalqi’ materialli’q ku’n ko’ris ma’deniyat tari’yxi’nda ko’p xali’qlar menen qari’m-qatnas arqali’ bir-biri’nen u’yrenedi. Dosli’q birlik arqali’ ma’deniyati menen a’debiyati ko’rkeyip, bayi’p woti’radi’. Mi’ne usi’nday jollar menen qaraqalpaq awi’zeki a’debiyati’ni’n’ tu’rli janrlari’ wo’si’p wo’ngen. Qaraqalpaq xali’q namalari’ degen so’z bul uli’wma xali’qti’n’ milliy muzi’kasi’na tiyisli. Milliy xali’q muzi’kasi’na ji’raw namalari’, baqsi’lar repertuari’ndag’i’ namalar, qosi’qshi’lar repertuari’ndag’i’ namalar uli’wma xali’q ta’repinen atqari’latug’i’n namalar kiredi. Qaraqalpaq xali’q namalari’ XIX a’sir Evropa ilimpazlari’ni’n’ di’qqati’n bo’li’p wolar haqqi’nda azi’ kem pikir ju’rgizile baslag’ani’ belgili. Qaraqalpaq xali’q muzi’kalari’n wo’z aldi’na jiynap notag’a tu’siriw jumi’si’ XX a’sirdi’n’ 20-30-jillari’ qolg’a alindi. Belgili kompozitor A.Zataevich qaraqalpaq xali’q namalari’n jazi’p ali’p bunnan son’ bul namalar V.Shafrannikovti’n’ 1941-jili ha’m 1959-jili “Каракальпакские

народные песни” degen at penen Moskvada shi’qqan kitabinda biraz ken’ tu’rde jurtshi’li’qqa notasi’ menen tani’sti’ri’ldi’.

Usi’ wori’nda o’zbek balalar folklori’ haqqi’nda da bir qansha mag’li’wmatlardi kelti’rip wo’temiz.

O’zbek balalar folklori’ uzaq a’sirlerden berli bar. Bug’an u’lkenler de, balalar da wo’z u’lesleri’n qosqan. Jasi’ u’lkenler pu’ti’n bir dizimnen ibarat balalardi yerkeleti’w poeziyasi’n jaratqan. Balalarg’a arnap a’jayi’p yertekler toqi’g’an. Wolardi’n’ zeyni’n ta’rbiyalawshi’ jumbaqlar dikciyani’ rawajlandi’ri’wshi’ jan’i’ltpashlar do’reti’p woti’rg’an. O’zbek balalar folklori’nda balali’qti’n’ ju’rek terbelisleri, qi’zi’g’i’wshi’li’q ha’m sezimleri waqiyalarg’a mu’na’sibetleri wo’zine ta’n mazmuni’n tapqan. Balalar bular menen sheklenip qalmag’an. Socialli’q tariyxiy rawajlani’w menen birge u’lkenler repertuari’na baylani’sli’ ayi’ri’m folklor u’lgileri’n wo’zlesti’rip wo’zleri’niki qili’p barg’an.

Bu’gingi jumbaqlar, jan’iltpashlar ha’m quwi’rshaq teatri’ni’n’ pu’tkil ma’ni’ste balalardiki boli’p qalg’ani hesh kimge si’r yemes.

Soni’da ayti’p wo’ti’w kerek, ma’wsi’m ha’m ma’resi’m qosi’qlari’na tiykarlanip, wolardi’n’ do’reti’wshi’si’ ha’miyshe jasi u’lkenler bolg’ani’n ayti’p wo’tsek balalar qosi’qshi’li’g’i’n sheklew hallari’da ko’zge taslanadi’.

Balalardi’n’da wo’z ma’resi’m ha’m ma’wsi’m qosi’qlari’ ju’zege kele baslag’an. Bul process waqi’t wo’ti’wi, turmi’s sha’rayati’ni’n’ wo’zgeriwi, jan’a socialli’q mu’na’sibetlerdi’n’ tuwi’li’p bari’wi’ sebepli wol yamasa bul ma’resi’mni’n’ pu’tkilley jog’ali’wi, tek u’lkenler wortasi’nda abirayi’n jog’alti’wi’ na’tiyjesi’nde sol ma’resi’m balalar woyi’ni’ yamasa atqari’wshi’li’g’i’nda jasaw tu’ri’nde wo’ti’wi menen ja’ne de teren’lesi’p barg’an. Aytayi’q, “Yaramazan” ti’pindegi qosi’qlar wo’tken da’wirde jasi’ u’lkenler repertuari’nda payda bolg’an.

Jan’a socialli’q mu’na’sibetler sebepli balalar repertuarlari’na wo’ti’p ha’zirge shekem jasap kelmekte. Ha’zir bul ti’ptegi qosi’qlarg’a u’lkenler

repertuarlari'ni'n' u'lgileri si'pati'nda qaraw uli'wma tiykarsiz boli'p yesaplanadi'. Bunday jag'daydi "Boychechak", "Chitti gul", "Opaqijon", "Binafsha" ti'pindegi ma'wsi'm fol'klor qosi'qlari' mi'sali'nda da ko'riw mu'mkin. Bularda xali'q etnografiyasi'ni'n' tariyxiy tami'rlari' saqlap qali'ng'an ha'm usi'lar ta'siri'nde balalardi'n' u'lkenlerdikinen pari'q qi'latug'i'n etnografiyasi' ha'm fol'klori' ju'zege kelgen. Budan keli'p shi'g'atug'i'n juwmaq usi'dan ibarat, qosi'q qaysi'da bir socialli'q qatlamda jarati'li'p, sol socialli'q qatlam wo'zgeriwi, juwmaqlani'wi' na'tiyjesi'nde woni'n' mu'ta'jlikleri shegerasi'nan shi'g'ip qali'wi' sebepli basqa bir socialli'q qatlam yermegine aylani'wi' yaki uli'wma jog'ali'p keti'wi ta'biyiy. Bul wo'zine ta'n da'stu'riy miyrasxorli'q shen'beri'ni'n' ju'zege keli'winen ibarat process boli'p, wo'z na'wbeti'nde qosi'q wo'miri'ni'n' ko'p qatlamli'li'g'in ta'miynlewden ti'sqari', ja'ne u'lkenler repertuari'na tiyisli wol yamasa bul fol'klor shi'g'armalari'ni'n' balalar repertuari'na wo'ti'wini'n', balalar awizeki do'reti'wshiligi ha'm atqari'wshilig'ini'n' u'lgisi'ne aylani'wi'ni'n' ni'zamli'li'g'i'n tasti'yi'qlaydi'. Bul ni'zamli'li'q balalar fol'klori'ni'n' u'lkenler falklori'na miyrasxorli'q huqi'qi'n tiykarlaydi'.

U'lkiyiw sezimleri, woyi'nlar, u'lkenler menen mu'na'siybetler wo'mirde wo'zini'n' barli'g'i'n an'lap bari'w zawi'qlari' taza kewillerdegi terbeni'slerdi ra'n'-ba'ren' namalarda tawlandi'ri'p, balalardi'n' wo'zleri'nde qosi'qshi' shayirg'a aylandi'ri'p qoyg'an. Usi' bari'sta balalar da do'reti'wshilik yete baslag'an ha'm ayti'w mu'mkin wolar jaratqan qosi'qlar o'zbek balalar folklori'ni'n' ha'r tu'rli janrlarg'a bay yen' u'lken quramli'q bo'legin payda yetedi. Sebebi wolarg'a balalar qosi'qlari' si'pati'nda qaraw ta'biyiy boli'p tabi'ladi'.

Woyi'ng'a jeteklewshi qosi'qlar ha'm shaqi'ri'wlar. Bizge belgili, balalardi'n' ko'pshilik woyi'nlari'ni'n' tiykari'n ha'reket quraydi' ha'm wolar ha'reketli woyi'nlar dep ju'riti'ledi. Biraq balalar atqari'wshi'li'g'i'nda sonday qosi'qlar da bar, wolar ha'reketten ibarat. Mi'ne usi' woyi'nlardi'n' qaysi'dir bo'legi mazmunli'li'g'i'n tolti'ri'wg'a xi'zmet qi'ladi': yamasa woyi'ng'a

tartadi', ya woyi'ng'a tiykar saladi', yaki woyi'n ushi'n sha'rt wazi'ypasi'n wo'teydi, yag'niy woyi'ng'a baslamali'q funkciyasi'n wori'nlaydi'; ya woyi'ndag'i' ha'reketti'n' jo'nelesi'n belgilep, dramatikali'q jag'daydi' ju'zege kelti'redi; ya woyi'ng'a juwmaq jasap qatnasi'wshi'lardi' tarqati'wg'a shaqi'radi'. Bul ti'ptegi qosi'qlar woyi'n qurami'ndag'i' komponent yesaplanadi'. Shaqi'ri'wlar, sheklewler, sanaqlar, woyi'n qosi'qlar ha'm tarqali'w qosi'qlari' mi'ne usi'nday xarakterge iye. Mi'sali', balalar woyi'n woynap bolg'annan keyi'n, tarqali'w waqti'nda usi'nday dep xoshlasadi':

**"Uy uylikka**
**Tepa to'ylikka**
**Bir xo'rozim bor**
**Bu ham uylikka".**

Ma'na'wiy woyi'nlar. Bulardi so'z woyi'nlari' de te ju'riti'ledi. Balalar so'zi menen woynap, ruwxiy jetiskenlik teksheleri'nen ilgerleydi. Bala wo'z jetiskenligini'n' biri'nshi basqi'shi'nda so'z ma'ni'si'n an'lawdan ji'raq turadi'. Biraq so'zdi'n' si'yqi'rli' a'lemi'ne wol menen woynap turi'p kirip baradi'. Analar ha'yyiwleri'ni'n' jag'i'mli' namasi' menen tan'layi' ko'terilgen bala yendi dawi'slardi'n' siyqi'rli' namalari'nan la'zzetlene baslaydi'. Yen' a'hmiyetlisi usi'nday la'zzetleniw zawqi'n wo'zi ushi'n wo'zi jarati'wg'a umti'li'p a'ste-aqi'ri'n so'zler qurami'nan tuwi'lg'an ritmlerdi'n' ha'reketke yaki pikirge mas bolg'an nurlari'nan ma'ni ug'iwg'a talg'ami' ku'sheyip baradi'. U'lkenler balalardag'i' usi' ruwxiy mu'ta'jlikti qandi'ri'wdi' go'zlep a'lleqashan jumbaq, jan'i'ltpash si'yaqli' ruwxi'y woyi'nlardi' woylap tapqan. Balalarg'a bular ju'da' maqul tu'sti ha'm wolardi' shi'n wo'zlesti'rip ha'tteki wo'zleri'niki qi'li'p alg'an. Ha'zirgi da'wirde wo'zleride bir-biri'n so'zde jan'i'li'sti'ri'wdi' shi'n ruwxiy woyi'n da'rejesi'ne ko'terdi, na'tiyjedi ha'r tu'rli jasiri'n ti'l ko'ri'ni'sleri'n woylap tapti'. Jan'i'ltpashlar balani' tez juwap qaytari'wg'a u'yretedi. Ma'selen, balalar yerte ba'ha'rde daladan ko'k sho'pler teriwge shi'qqanda bir-biri menen ha'zillesi'p aldi'nan shi'qqan ko'kti ko'rseti'p sheriginen bul ne dep

soraydi’. Tu’rli qosi’qlar; analar ha’yyiwinen ritmikali’q uqi’bi’ rawajlana baslag’an kishkene balalar 2-5 jaslari’nan aq wo’z is-ha’reketleri woyi’nlari’n ritmikali’q ta’repten bahalaw qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ tuwi’ladi’. Bul ju’zeki bahalaw bolmay, wolardi’n’ sol is-ha’reketleri woyi’nlari’ndag’i’ wo’mirlik mazmundi’ ritmge sli’wdan ibarat poetic ko’teri’n’kilik yesaplanadi’. Sol sebepli wolar shawqi’m sali’p ayti’ladi’ ha’m ayi’ri’m jag’daylarda yeki qatardan aspaydi’. Dawi’slar shawqi’mni’n’ ritmikali’q garmoniyasi’ tiykari’ bolg’an bunday so’zler balalar do’reti’wshiliginde da’slepki poetik iskerlik akti yesaplani’wi’ menen qi’mbatli’ boli’p tabi’ladi’.

Balalar bar yeken wolardi’n’ folklori’ da dawamli’ boli’p tabi’ladi’. Wol da balalardi’n’ wo’zi siyaqli’ u’ziliksiz ha’rekette boladi’. Sebebi balalar shayi’rlari’, kompozitorlari’ wog’an qayta-qayta mu’ra’jat yeti’p ju’da’ xali’qshi’l shi’g’armalar jarati’p ati’rg’anli’g’i’ quwani’shli’ halat. A’sirese yertek janri’ni’n’ jazba a’debiyatqa ku’shli ta’siri sebepli nasiriy a’debiy yertek, qosi’qli’ a’debiy yertek, dramatikali’q a’debiy yertek ha’m wolardi’n’ ha’r tu’rli janrlari’ payda boli’p ati’r. Bul da folklordi’n’ ju’da’ wo’mirbaqiy ku’shke iye yekenligin ko’rsetedi. Ha’zirgi zaman balalar woyi’nlari’ shet awi’llarda a’yyemgi halatta saqlani’p kelmekte. Sonday-aq, balalar qosi’qlari’ni’n’ ayiri’mlari’ balani’ ekologiyali’q mu’na’siybetlerge tayarlawg’a ta’biyatti su’yiwge do’gerek a’ti’rapti’ qorg’awg’a u’yretetug’inlari’da bar.

**“Qaldirg’och g’och-g’och,**
**Eshi’gingni och-och,**
**Eshi’gingni ochmasang,**
**Tuynugingnan kiraman,**
**Kafan to’ni’ng bichaman”.**

Bala a’ne usi’ qosi’qti ayti’wi’ menen qarli’g’ashqa qanshelli jaqi’n qa’dirdan yekeni’n bildirip turi’pti’.

Fol’klor izertlewshi ali’mlar baslamasi’ menen balalardan jazi’p ali’ng’an balalar folklori’na tiyisli ko’plegen kitaplar basi’li’p shi’qqan. Bul

tarawdag'i' izleniwler ha'zirge shekem dawam yetpekte. Uzaq ji'lli'q ta'jireybelerge su'yenip usi' ku'nge shekem o'zbek balalar folklori'ni'n' 24 janri' ani'qlang'an. Demek , xali'qi'mi'zdi'n' ko'p qi'rli' balalar folklori bar.

Jaqi'n ku'nlerde O'zbekistan fanlar akademiyasi' ha'mde ma'deniyat ha'm sport isleri mi'ni'strligi birliginde 50 tomli'q "O'zbek xalq ijodi" seriyasi' baspadan shi'g'ari'li'wi' rejelesti'rildi. Bul akademiyali'q shi'g'armani'n' qurami'ni'n' bir tomi' "O'zbek bolalar qo'shiqlari'" na, ja'ne bir tomi bolsa "O'zbek bolalar wo'yi'nlari'" na bag'i'shlanadi'. Mi'ne usi'nday balali'qti'n' ha'r tu'rli qosi'qlari' ko'rkemliligi bar. Qosi'qta ayti'lg'ani'nday:

**"Bolalik kuylasa –**
**Yo'qalur alam**
**Bolalik kuylasa**
**Yasharur olam!"**

Demek, xali'q do`retpelerini tariyxi'nda jumbaqti'n` atqaratu`g`in xizmeti u`lken. Wol fol`klordi'n` bir bo`legi boliwi menen bir qatarda jaslarda da, yeresek adamlardi'n` da jumbaqli so`zlerdi'n` sirin sheshiwge jollandiradi. Ha`r qanday zatti'n` si'patli' belgilerin aniqlawg`a ja`rdemlesedi, wo`y- wori'sti', pikirlew qa`bilieti'n wo`stiredi.

## 1.2. Muzi’kami’z xali’qi’mi’zdi’n` ruwxi’y rawaji’

Qaraqalpaq xali’qi’ ruwxi’y miyrasi’nda milliy muzi’ka da`stu`rlerinin` jaslar ta`rbiyasi’ni’n` ma`nawiy qa`liplesiwindegi tutqan worni’ ayri’qsha a`hmiyetke iye.

G`a`rezsiz ma`mleketimiz siyasati’, Ma`mleketlik Ta`lim Standartlari’ talaplari’ Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinde de usi’ ma`seleler tiykarg`i’ ori’nlardi’ iyelegen.

Muzi’ka ta`limi procesi da`wirinde, woqi’wshi’lardi’ go`zzalli’qti’ seze alatug`i’n, milliy muzi’kag`a miyrim ha`m ha`wesi menen atqaratug`i’n yamasa ti’n`laytug`i’n, milliy muzi’ka miyrasi’mi’zg`a iyelik yetiwshi ha`m de dawam yettiriwshi ba`rkamal insanlar yetip ta`rbiyalaw tiykarg`i’ maqset yetip qoyi’ladi’. A`sirese, demokratiyali’q ja`miyet quri’wi’mi’zda, sol ja`miyetti rawajlandi’ri’wshi’ jas a`wladti’ salamat, bilimli a`sirese, milliy ma`nawiy sezimleri bekkem insanlar yetip ta`rbiyalaw ma`seleleri aktual` wori’nda turadi’.

Muzi’ka ta`limi arqali’ woqi’wshi’lardi’n` milliy ma`nawiy sezimlerin qa`liplestiriw xa`zirgi ku`nde aktual` ma`selelerden biri. Sebebi, g`a`rezsizlikke yerisken taza yeldi’n` ideologiyasi’ sayi’zlaw boladi’, soni’n` ushi’n da xali’qti’ ma`nawiy jaqtan, ideologiyali’q ta`repten tarbiyalap, qa`liplestirip bari’w ta`lim sistemali’li’q diziminin` yen` aktual` ma`seleleri dep sanaymi’z.

Qaraqalpaq xali’qi’ uzaq wo`tmish, wo`tken da`wirlerde de ta`lim – ta`rbiya menen shug`i’llang`an. Qaraqalpaq xali’qi’ uzaq tu`nlerdi tan`larg`a ati’rg`an keshelerde muzi’ka atqari’wshi’lari’ xali’q tariyxi’nan so`z ashi’p, yeldi’n` qayg`i’ ha`siretlerin qosi’qlarg`a tu`sirip ji’rlap, ma`nawiy da`stanlardi’ atqari’p, jaslarg`a ta`rbiyali’q sabaq bergen.

Bul ta`rbiyali’q a`hmiyetke iye bolg`an ji’yi’nlardi’ xali’q qaharmanlari’ ushi’n ku`shlerine ku`sh qosi’latug`i’n marsiyalar, nasiyatli’ terme-tolg`awlar

arqali’ ruwxi’y ma`det berip kelgen. Xali’q bul atqari’wshi’ qosi’q-ji’rlari’ arqali’ wo`z ta`shwishin umi’tqan, ha`m ruwxi’y medet bergen.

Qaraqalpaq xayal-qi’zlari’ da Xu`rliman si’yaqli’ baqsi’ xayal-qi’zlardi’n`, analari’, kempir apalari’nan ta`lim-tarbiya u`gitleri ja`mlengen qosi’qlar, da`stanlar, termeler arqali’ wo`mir soqpaqlari’n dawam yettirgen.

Xali’q muzi’ka miyrasi’mi’zdi’n` tariyxi’y ha`m ha`zirgi ku`n talaplari’n ko`rip, u`yrenip bari’li’wi’, mekteplerde muzi’ka ta`liminin` tiykarg`i’ maqseti woqi’wshi’larg`a muzi’ka ma`deniyati’n u`yretiw, wolardi’ ruwxi’y ma`nawiy sezimlerin rawajlandi’ri’w da`stu`rleri g`arezsizligimizdi qolg`a kiritkennen keyin qa`liplesip kiyati’r.

Bul xali’qti’n` da`stu`riy ta`rbiyali’q, ja`miyetlik isleri sabi’q sovet du`ziminde ta`rbiya ma`seleleri bir ideologiyali’q tu`rde qa`liplesip keldi, biraq, ha`r bir xali’q wo`z milliy ideologiyasi’na, milliy mentalitetine, u`rp-a`detlerine, di’nine ha`m ma`nawiy sezimlerine iye yemes yedi.

«Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri» u`zliksiz ta`lim ha`m kadrlardi’ tayarlaw sistemasi’n teren` u`yreniwge qarati’lg`an.

Milliy da`stu`rdi a`melge asi’ri’wdi’ pedagogikali’q ta`limge, bolajaq woqi’ti’wshi’larda joqari’ ma`nawiy pazi’yletlerdi bay ma`deniy miyras u`lgilerine ha`m wo`z milliy da`stu`rlerine sadi’qli’q ruwxi’nda ta`rbiyalaw juwapgershiligi ju`kletilgen.

Sol sebepten Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`rinin` tiykarg`i’ maqseti- bu`gingi ku`nnin` yen` aktual` ma`selelerinin` biri bolg`an jaslardi’ milliy sana sezimler ruwxi’nda ta`rbiyalaw. Buni’ a`melge asi’ri’w ushi’n woqi’ti’wshi’ ha`m ta`rbiyashi’lardan u`lken juwapkershilik talap yetiledi.

Ha`zirgi waqi’tta g`a`rezsiz yelimizde usi’ ma`seleler boyi’nsha ko`plegen jumi’slar islenbekte. Sol pidayi’ xi’zmet iyelerinen yen` a`hmiyetli ka`sip iyesi bul pedagoglar. A`sirese, jaslardi’n` milliy ma`nawiy sezimlerin

ta`rbiyalawda, sonday-aq, muzi’ka ma`deniyati’ arqali’ ta`rbiyalawshi’ muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n` xi’zmetleri wog`ada a`hmiyetli.

Qaraqalpaq xali’qi’ uzaq wo`tmishi dawami’nda wo`z muzi’ka ma`deniyati’na, tariyxi’na, ustaz-sha`kirt da`stu`rlerine, wo`z milliylik sezimlerine iye boli’p kiyati’rg`an yel sanaladi’. Kitap, jazi’w-si’zi’w qa`liplespegen waqi’tlarda xali’q qosi’qlari’, da`stanlar, termeler ja`miyet ushi’n wo`zine say sabaqli’q, kitap ha`m mektep wazi’ypasi’n atqarg`an.

Ata-babalari’mi’zdi’n` salamat a`wladti’ ma`nawiy ruwxta ta`rbiyalawdag`i’, ruwxi’y bay adamlardi’ qa`liplestiriwde birinshi pedagog mug`allim, da`slepki woqi’ti’wshi’ xali’qti’n` wo`zi dep biykar aytpag`an.

Ta`lim-ta`rbiya tarawi’nda fol’klor qosi’qlari’nn paydalani’p ulli’ shi’g`i’s woyshi’llari’ A`l-Farabiy, Alisher Nawayi’, Ali Qushchi, İbn Sino si’yaqli’ dani’shpanlar wo`z miynetlerinin` bir bo`legin muzi’ka ma`deniyati’na bag`i’shlag`an. Wolar wo`z miynetlerinde insanni’n` psixologiyasi’, filosofiyasi’ ha`m ta`rbiyasi’nda muzi’ka ma`deniyati’n, muzi’ka dawi’slari’ni’n` wote a`hmiyetliligin ilimiy do`retpelerinde, jazbalari’nda ayti’p wo`tken.

Qaraqalpaq woyshi’llari’ yel gezip milliy ma`nawiy ustaz-sha`kirt da`stu`rin islegen ji’raw baqsi’lar - Si’pi’ra ji’raw, Jiyen ji’raw, Ajiniyaz, Berdaq usag`an shayi’rlai’mi’zdi’n` milliy muzi’ka ma`deniyati’n bayi’ti’wda wo`z do`retiwshiligi menen xi’zmet etkenligin aytadi’.

Qa`dimgi ata-babalari’mi’z yel jurttan shi’g`i’p du`n`ya gezip, sawat ashi’p, mu`sa`pirlikte ju`rip olar Watan, Ana jurt sag`i’ni’shi’n wo`zlerinde tu`yip wo`z Ana Watani’na bolg`an, milletine bolg`an su`yispenshiligi rawajlani’p wo`zlerinde milliy ma`nawiy sezimlerdi, bilimin qa`liplestirip yel ushi’n ustaz, dani’shpan wazi’ypalari’n wori’nlag`an.

Ata-babalari’mi’z qi’yi’n zamanlarda wo`z milliy muzi’ka da`stu`rleri, wolar arqali’ wo`z milliy tariyxi’n saqlag`an yeken, biz g`a`rezsiz yelimizde, ha`r

ta`repleme mu`mkinshiliklerge iye ma`mleketimizde bul miyrasti' keleshek a`wladqa ja`ne de ku`shli ma`mleket boli'wi' ushi'n jaslardi' ta`lim-ta`rbiyali', sawatli', salamat ha`m baxi'tli' boli'wlari' ushi'n ha`reket etiwimiz kerek boladi'.

Halqi'mi'z yerte da`wirlerden baslap-aq ta`lim-ta`rbiya ma`selesin birinshi wori'ng`a qoyg`an ata-babalari'mi'zdan miyras bolg`an. Wolar qaraqalpaq xali'q qosi'qlari'n, dastanlari'n, ra`wayatlari'n, qi'ssalari'n keshelerde, toy - tamashalarda, merekelerde jiynali'si'p atqari'p jas a`wladlardi' yeldi tariyx, ma`deniyat, etika-estetika, muzi'ka, ko`rkem a`debiyatlar menen tani'sti'ri'p barg`an.

Wolar tek ta`lim-ta`rbiya ma`selesin ilgeri su`rip qalmastan, ba`lki xali'qqa sol da`wir qi'yi'nshi'li'qlari'n, basqi'nshi' ha`m dushpanlardi'n` bergen azaplari'n umi'ti'w ushi'n da`stan qosi'qlar wolarg`a jubani'sh wazi'ypasi'n atqarg`an. Bularg`a marsiya qosi'qlari', si'n`si'w qosi'qlari' kiredi. Wolardi' ko`binshe xayal-qi'zlar, analar atqarg`an. Sol qi'yi'nshi'li'q zamanda xa`yal-qi'zlardi'n` qi'ynali'p jasag`an turmi'si'n usi' qosi'qlar arqali' ha`zirgi zaman jaslari' tariyx si'pati'nda toq zamanda u`lgi si'pati'nda sabaq aladi'lar. Wonnan ti'sqari' xali'qti'n` yesitken qosi'qlari' ma`rtlik, baxadi'r, azamatlar tuwrali' marsiyalar, si'n`si'wlar, da`stanlar, ji'rlar, ha`zil qosi'qlar, terme-tolg`awlar, xali'qti' shetten kelgen jawi'z niyetli jawlarg`a qarsi' gu`reste ma`nawiy jaqtan milliy sezimlerdi ko`terip, ko`terin`ki ruwxta kush berip, kewli ko`terilip Watan aldi'nda wo`zin azamat insan sezip, jaw menen gu`resip, yelin qorg`awda u`lken ja`rdem berip kelgen. Xali'qti'n` bul qosi'qlar arqali' ruwxi'y jag`dayi' ko`terilip ja`ne de alg`a qaray rawajlani'p barg`an.

Barli'q xali'qlar qatari'nda qaraqalpaq milliy muzi'kasi' da millet tili, ruwxi'yli'g`i'na sayli'g`i', do`retiwshi xali'qti'n` u`mitleri, sezimlerin ti'n`lawshi'g`a jetkeredi. Bulardi' ha`tteki qosi'qlardi'n` so`zlerin yesitpey turi'p, namada shertilip ati'rg`an ritm, i'rg`aqtan ha`m wolardi'n` mun`li' yamasa shoqli'g`i'n, major yamasa minor keypiyati'n ani'qlap ali'wi'mi'zg`a boladi'.

Yen` keregi nama qosi’qti’n` baslani’wi’nan-aq woni’n` qaysi’ xali’qtiki, qaysi’ millettiki yekenligin tez bayqawi’mi’z mumkin.

Ha`r bir millettin` wo`z milliy mentaliteti woni’n` «ti’q» yetken muzi’ka dawi’si’nan-aq sezilip turadi’.

Ha`zirgi kunde de qaraqalpaq xali’q qosi’qlari’n ma`mleketler arasi’nda yesitkenimizde shet yeldegi doslari’mi’z bunday xali’qi’mi’zdi’n` usi’nday muzi’kalari’, saz asbaplari’, kiyimi, da`stu`rleri menen tani’sadi’. Biz de wolardi’n` bunday woylap ati’rg`anli’g`i’n sezip wo`zimizde usi’ xali’q biz dep, maqtani’sh yetemiz, Ana Watan sezimlerin ju`regimizde ja`ne de teren` wori’n alg`anli’g`i’n sezemiz, kewilimiz wo`sedi. Buni’ tek biz yemes, ba`lki keleshek jaslari’mi’zda, wo`z jureginde seze aladi’.

Muzi’ka millet sezimlerin wo`zindegi bay intonaciya mu`mkinshiliklerdi, sezimler bayanati’n dawi’slar arqali’, obrazli’ yetip tu`sindiredi. A`ne sol a`hmiyeti menen bul iskusstvoni’n` obrazlardi’ su`wretlewshi, ta`riplewshi basqa tu`rleri - suwretlew wo`neri, mu`sinshilik, kinodan wo`zgeshe. Ma`selen Qi’yas ji’raw ha`m de Shamurat ji’rawdi’n` «Ay tuwar» xoshlasi’w ji’ri’n ti’n`lag`anda da xali’qti’n` jawlardan qutqari’p, qayti’s bolg`an perzentleri ko`rinisi, xali’qti’n` azamat bati’rlar menen xoshlasi’wi’ peyzaji’ ko`z aldi’na keledi. Muzi’ka doretiwshi bul peyzajdi’ wo`z notalari’ yamasa wo`z muzi’kasi’, dawi’s qatarlari’ menen jaratadi’.

Bunday ideologiyali’q sezimler ha`mme yeldi’n` wo`z doretiwshilik islerinde Watan sezimleri ko`rinip turadi’. Bul bolsa muzi’kani’n` ruwxi’y ta`rbiya beriwshi, ko`rsetiwshi jari’q mi’sali’ bola aladi’.

Qaraqalpaq milliy muzi’ka da`stu`rlerinin` ruwxi’y, ma`nawiy ta`rbiyalawshi’ mu`mkinshiliklerin asi’ri’wshi’ aspektleri woni’n` wo`zine say intonaciya mumkinshilikleri, xali’qshi’lli’g`i’, atqari’wdi’n` milliy saz asbabi’nda shertip yesittiriliwi, atqari’wlardi’ ti’n`lawshi’g`a toli’q ha`m mazmunli’ jetkere biliw u`qi’pli’li’g`i’, xor shi’g`armalari’ni’n` milliy ma`nawiy ruwxta jazi’lg`an

yamasa milliy sezim menen suwari'lg`an boli'wi', xali'q qosi'qlari'n xor yamasa basqa janrlarg`a awdari'li'p ideyalogiyali'q sezimlerin saqlag`an jag`dayda shi'g`armalar jarati'w, wolardi'n` ja`ma`a`t arasi'nda a`melge asi'ri'wi', atqari'wshi'li'qti'n` da`sturge aylandi'ri'lg`anli'g`i', sabaq yamasa sabaqtan ti's woqi'w procesin jan`a pedagogikali'q texnologiya, interaktiv sabaqlar arqali' woqi'wshi'larg`a, talabalarg`a, tez sin`ip bari'wshi' metodlar arqali' jetkeriwde ha`m t. b.

A'ne sol mumkinshiliklerinin` kishi bo`lekleri arqali' woqi'wshi'lardi' milliy ideologiyali'q sezimlerini qa`liplestirip keleshek a`wladqa da jetkeredi. Bul bolsa xali'qti'n` ko`rkem estetikali'q, ruwxi'y ideyalogiyasi' tarbiya birliginin` ta`sirli turi si'pati'nda qi'mbatli'.

Milliy muzi'kali'q da`stu`rler – xali'qti'n` janli' dawi'si', woni'n` tariyxi', miyneti, turmi'si', wo`miri, qayg`i'si' ha`m de quwani'shlari' si'n`g`i'rlag`an ji'lnamasi'.

Bul da`stu`rlerdi ha`r bir a`wlad wo`zinen aldi'ng`i' a`wladlari'nan yesitip, bayi'ti'p, bu`gingi ku`nge ali'p kelgen ha`m de ruwxi'y miyras si'pati'nda keleshekke jetkerip kelmekte.

Bul muzi'kali'q miyras, da`stu`rler ha`m wolarda atqari'li'wshi' ideyalar xali'qti' birlestiriwshi, turli xali'qlardi' wo`zara jaqi'nlasti'ri'wshi', soni'n`day, O`zbekistan Respublikasi' g`a`rezsizligin bekkemlewge bag`darlawshi' qu`diretli ku`shke aylani'wi' mumkin.

Ta`rbiyani' woqi'wshi'-balalarg`a tezirek ha`m teren`rek sin`dirip bari'wi' ushi'n ha`mme pa`nler de xi'zmet yetiwi belgili, biraq, muzi'ka ta`rbiyasi' balalarg`a, talabalarg`a emocional ta`sir ko`rsetedi ha`m woqi'wshi'lar muzi'kani' tezirek qabi'l yetedi.

Muzi'ka wolarda aqi'lli'li'q, a`deplilik pa`ziyletlerinin` rawajlani'wi'n u`lken ta`sir ko`rsetip, insan sanasi'n qa`liplestiriwde u`lken a`hmiyetke iye, woni'n` psixologiyali'q, fiziologiyali'q sezimlerine jaqsi' ta`sir ko`rsetedi.

Sonli'qtan-da bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'lari'n ka`siplik, ma`nawiy ha`m de ka`mil insan ruwxi'nda tarbiyalaw ja`ne sol ulli' ustazlari'mi'zdi'n`, professor-woqi'ti'wshi'lar ha`m pedagoglardi'n` quramali' miynetlerinen boli'p tabi'ladi'.

Talabalardi' keleshekte wo`z worni'n duri's taba ali'wi' ushi'n wolarg`a puxta bilim beriwimiz, jas woqi'ti'wshi'lari'mi'zdi' ulli' bilimli ha`m abi'royli' ustazlar boli'p jetilistiriw ushi'n wolardi'n` yerkin doretiwshilik islerin qollap-quwatlawi'mi'z, wo`sip kiyati'rg`an ideyalarin wo`siriw ushi'n wolardi' xoshametlep, wolarg`a ko`mek ha`m jol beriwimiz, ilimiy paydali' pikirler berip wolardi'n` bilim ha`m ko`nlikpelerin qa`liplestirip bari'wi'mi'z bu`gingi ku`nnin` yen` a`hmietli ma`selelerinin` biri desek qa`telespeymtiz.

Bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'lari' keleshekte ha`r bir woqi'tqan, ta`rbiyalag`an balasi'n saz atqarg`anda sazi'n ti'n`lag`an ti'n`lawshi'lardi'n` da ishki du`n`yasi'na kirip, wolardi'n` kemisin tolti'ri'wi'n tayani'sh ta`rbiya beriwin ha`m ruwxi'y du`n`yasi'n ken`eytiwge turtki boli'wi'n qa`leydi. Soni'n` menen birge wo`zin yesitken qosi'qlari' arqali' tariyxi'n, u`rip-a`detlerin, kim ha`m qanday insan ekenligin an`laydi', qa`teleri bolsa duzetiwge xa`reket etedi.

Muzi'ka yesitken insan ha`r qanday jasta yekenligine qaramay jamanli'q yesiginen wo`tpeydi. Ulli' rus shayi'ri' N.V.Gogol` «Muzi'ka wo`z dawi'slari', i'rg`aqlari' menen insandi' jerden wo`z du`n`yasi'na ali'p ketedi. Wo`z notalari' menen insan sezimlerin basqaradi' ha`m pu`tkil barli'qti' sezimge aylandi'radi'» dep o`tken edi. Al ataqli' kompozitor D.D.Shostakovich bolsa muzi'kani'n` adam ta`biyati'na baylani'si' tuwrali' «Muzi'ka esitken insan wo`zinin` alaqasi'n du`n`yadan uze almaydi', wo`zinin` ju`regin xali'q ju`regi menen birge

unison(ten`dey) uri'p ati'rg`ani'n sezedi, woni'n` pikirleri xali'q ruwxi'nda ha`m qa`libinde, qani'nda ag`adi'»,-dep ta`rip bergen yedi.

Muzi'ka ta`limi wo`zgeshelikleri sonday na`zik bir ishki sezim boli'p, bu`l ta`limdi jaslarg`a jetkiziwde woqi'ti'wshi'lardi'n` do`retiwshilik isleri quramali' ha`m ju`wapkershilikli wazi'ypasi' boli'p tabi'ladi'. İnsanni'n` ruwxi'y-ma`nawiy kamalati', woy pikirinin` rawajlani'wi'nda ko`rkem wo`nerdi'n`, muzi'kani'n` worni' ha`m a`hmiyeti ku`ta` u`lken. Usi' ma`nisten ali'p qarag`anda jaslari'mi'zdi'n` ma`nawiyati'n artti'ri'w, wolarda teren` woy-pikir, jaqsi' pazi'ylet iyeleri kamil insanlar yetip tarbiyalawda, ju`reginde ha`m sanasi'nda Ana Watang`a su`yispenshilik, milliy da`stu`rlerimiz ha`m miyrasi'mi'zg`a sadi'qli'q sezimlerin bekkem qa`liplestiriwde muzi'ka ko`rkem wo`nerinin`, muzi'ka ta`liminin` ja`nede a`hmiyeti sheksiz.

Prezidentimizdi'n` «Balalar muzi'ka ha`m ko`rkem wo`ner mekteplerinin` materialli'q-texnikali'q bazasi'n bekkemlew ja`ne wolardi'n jumi'si'n bunnan bi'layda jaqsi'law boyi'nsha 2009-2014 ji'llarg`a mo`lsherlengen qarari' perzentlerimizdi'n` ruwxi'y dun`yasi'n ha`m ma`deniy da`rejesin artti'ri'w, wolardi'n` milliy ha`m ja`han muzi'ka ma`deniyati'ni'n` yen` ajayi'p u`lgileri menen jaqi'nnan tani'si'wi' ushi'n za`rurli mu`mkinshilikler a`hmiyetli da`lil bolmaqta. Bul bolsa wo`z gezeginde joqari' woqi'w wori'nlari'na woqi'wg`a kiriwshi jaslar ushi'n kerekli baza boli'p xi'zmet yetedi.

Watani'mi'z ulli' keleshegi rawajlani'wi oli'nda wo`z u`lesin qosi'p ati'rg`an ha`r bir puqara wo`z ma`mleketi, xali'qi', milletinin` ayri'lmas bo`legi yekenligin, bilim milliy ruwxi'yat ha`m sanasi'ni'n` ishki bo`legi yekenin tu`siniw kerek. Ja`miyet rawajlani'wi'ni'n` keleshegi bolg`an jaslardi' ta`rbiyali'q, ideologiyali'q, ma`nawiy sanasi'n qa`liplestiriw wolardi'n` ta`rbiya tuwrali' isleri birlemshi wazi'ypalar yesaplanadi'. Bul bolsa yen` da`slep ata-ana, ta`rbiyashi' ha`m woqi'ti'wshi'lardi'n` minnetli waziypasi' boli'p yesaplanadi'.

## II-Ba’p. Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ jas wozgeshelikleri ha’m muzi’ka ta’limi’n qabi’l yeti’wde wo’qi’ti’w jollari’

### 2.1.Biri’nshi ha’m yekinshi klass woqi’wshi’larinin’ wozgeshelikleri ha’m sabaq mazmuni’

**1-klass woqi’wshi’lari’na mi’nezleme.**

Birinshi klass woqi’wshi’lari ha’li toli’q rawajlanbag’an, logikali’q pikirlewi sayi’z, ha’mme narsege iseniwshen‘ ha’m mag’li’wmatti‘ tuwri‘ qabi’l yetetug’i’n, bulardan ti’sqari‘ wolar fiziologiyali’q ha’m psixologiyali’q rawajlanbag’an boladi’lar.

Wolar jazi’wdi‘ wozlestiralmaydi’lar, baqshag’a barg’anlari‘ ha’m barmag’anlarg’a bo’linedi. Uyde ta’rbiyalang’an balalar basqasha bir narsege jilap jiberedi, kulip yamasa basqa islerni de isewi mumkin. Solardi‘ yesapqa ali’p wo’qi’ti’wshi‘ psixolog, pedagog ha’m ata-ana rolin sabaq bari’si’nda a’melge asi’ri’wi‘ kerek.

Biri’nshi klass woqi’wshi’lari’ni’n` mektepke bolg`an qi’zi’g`i’wshi’li’g`i’n woyati’w. Biri’nshi klassqa arnalg`an muzi’ka bag`darlamasi’ni’n` tiykarg`i’ mazmuni’. Muzi’kani’ yesiti’w ha`m muzi’kadan emocionalli’q ta`sirshen`likti rawajlandi’ri’w. Qosi’qti’ duri’s aytpaytug`i’n balalardi’ tawi’p wolar menen islesiw. Yesiti’w di’qqati’n, seslerdi’n` ba`lentlik ha`m uzaqli’g`i’n tu`si’niwdi rawajlandi’ri’w, ko`rsetpe qurallari’n qollani’w. Temp ha`m di’namikani’n` ta`sirshen`ligi. Qosi’q ayti’wdi’n` tiykarg`i’ wazi’ypalari’, shi’g`armag`a basi’nan aqi’ri’na shekem di’qqat bo`le bili’w, qabi’l yeti’wdi’n` emocionalli’q mazmuni’, xarakterdi tu`si’niw. Muzi’kali’q sawatqa u`yreti’w, muzi’kali’q yesiti’wdi ha`m qabi’llawdi’ rawajlandi’ri’w. Qosi’q ayti’wdi’n` tiykarg`i’ u`lgileri’n qa`li’plesti’riw.

Biri’nshi klassta biri’nshi ji’l temasi’ ”Biz muzi’kani’ su’yemiz” boli’p bunda I-sherek temasi’ ”Biz jaqti’rg’an muzi’ka ha’m qosi’qlar” Bunda to’mendegishe temalardan ibarat.

Biz jaqti'rg'an namalar, Milliy saz a'sbaplar menen tani'sami'z, Ti'n'laymi'z u'yrenemiz, Biz jaqti'rg'an qosi'qlar;[1]

II sherek Tema: Muzi'kali' ritmli woyi'nlar ha'm qosi'qlar

Muzi'kali' woyi'nlar, Ti'n'laymi'z woyi'ng'a tu'semiz, Muzi'kani'n' si'yqi'rli' du'nyasi', Muzi'kali' woyi'nlar ha'm qosi'qlar[2]

III-sherek Tema: Muzi'ka a'lemi'ne sayaxat

Qosi'q bizdi qay jerge ali'p baradi', Woyi'n bizdi qay jerge ali'p baradi', Muzi'ka bizin' wo'miri'miz, Biz su'ygen a'sbaplar, 1–qadag'alaw jumi'si', Xosh namali' a'sbaplari'mi'z[3]

IV-sherek Tema: Xosh namali' milliy a'sbaplari'mi'z

Muzi'ka dawi'slari', Muzi'kani'n' si'yqi'rli' du'nyasi', Kompozitor – balalarg'a

2 – qadag'alaw jumi'si', Xosh namali' a'sbaplari'mi'z[4] temalari'na bo'lingen boladi'.

2-klassta 1-klassta alg`an bilimleri'n ari' qaray dawam yeti'p, jalg`asti'ri'p bara beredi. 2-klassti'n` woqi'wshi'lari' 1-klassqa qarag`anda ta`jiriybeli woqi'wshi'lar. Wolarda yeste saqlaw, qabi'llaw qa`biletleri jaqsi' rawajlang`an boli'p keledi. Muzi'kag`a bolg`an qi'zi'g`i'wshi'li'g`i' kusheyedi. Wolarda shi'g`armalarg`a analiz jasaw uqi'pli'li'g`i' payda boladi'. 2-klassti'n` woqi'wshi'lari'na muzi'kali'q rawajlani'w 1-klasstag`i' uyrengenleri'ne baylani'sli', yeger 1-klassta irgetasi' bekkem qalansa, wonda 2-klassta muzi'ka sabag`i' sapali' wo`ti'ledi.

Sho`lkemlesti'rilgen duri's bag`i't berili'p wo`ti'lgen sabaq birgelikte nama ti'n`lap ha`m wo`z woylari'n wortag`a taslap analizlep bili'wge uyretedi. Mug`allim ha`r bir balag`a wolardi'n` muzi'kali'q jaqtan rawajlani'w uqi'pli'li'g`i'n yesapqa ali'p, jeke tu`rde qatnas jasawi' tiyis. Sebebi geypara

---

[1] Usi'sabaq temalari' haqqi'nda jumi'sti'n' yekinshi ba'pi'nda so'z yetiledi.
[2,3,4] Usi'sabaq temalari' haqqi'nda jumi'sti'n' yekinshi ba'pi'nda toli' so'z yetiledi.

balalardi’n` muzi’kali’q qa`biletleri klasstag`i’ basqa woqi’wshi’larg`a qarag`anda anag`urli’m joqari’ boladi’.

**2-klass woqi’wshi’lari’na mi’nezleme.** Yekinshi klass woqi’wshi’lari birinshi klassqa qarag’anda biraz rawajlang’an, kishi pikirleydi, iseniwshen, bilimdi wo’qi’tiwshi’dan tuwri‘ ulgi ali’p qabi’l yetetug’i’n, xoshametti jaqsi koretug’i’n kewilshen‘ boladi’lar.

Wolar jazi’wdi‘ toli’q bolmasada wozlestirgen, birinshi klasstag’i‘ bilimleri menen pikirleytug’i’n, emociyag’a beriliwshen‘, wo’qi’ti’wshi’ni’n‘ ja’rdemine mu’taj boladi’lar.

2- klassta ji’l temasi’. Muzi’ka degen ne. Wol neni uyretedi. Muzi’ka neni bildiredi ha`m neni suwretleydi.

2-sherek «Muzi’kani’n` qosi’q, marsh ha`m woyi’ng`a i’layi’qli’g`i’»

3-sherek «Melodiya, wo`lshem, ritm, lad tu`si’nikleri»

4-sherek «Muzi’ka sawati’, saz a`sbaplari’»

Bul temalardi’ mug`allim u`lken tayarli’qlar menen wo`ti’wi tiyis. Geybir ta`jiriybesiz mug`allimler bag`darlamada berilgen qi’sqasha sabaqti’n` wo`ti’li’w mazmuni’ menen wo`tedi de qoyadi’. Usi’ni’n` wo`zi jetkilikli dep qoyadi’. Wol duri’s yemes.

Mi’sali’ 2-klassta 1-sherek bag`darlamasi’nda a`piwayi’ shi’g`armalar berilse, al 3-4 sherekte qosi’q,. Woyi’n, marshlari’ni’n` quramalasi’p bari’wi’na baylani’sli’ mug`allimnen ko`p tayarli’qti’ talap yetedi. Yeger «Paleke ji’raw» namasi’n alsaq bunda shi’g`armani’n` xarakteri’n ani’qlap, balalar menen birge muzi’kani’ atqari’w sheberlilikleri’n, sonday-aq muzi’kani’ qabi’llaw ha`m muzi’ka sauati’ menen baylani’sti’ri’w kerek. Mi’sali’: nama ti’n`lawg`a J.Shamuratovti’n` «Tolqi’n» shi’g`armasi’n alsaq bunda balalar namani’n` birgelki to`men ha`m joqari’ ji’lji’wi’, notalardi’n` birdey sozi’mli’g`i’n soni’n` menen birge woqi’wshi’lardan shi’g`armani’n` ritmi tuwrali’ soraw kerek. Yeger muzi’ka barli’q uaqi’tta forte belgisi’ne woynalsa qalay yesiti’ler yedi. Suwdi’n` tolqi’ni’n

qanday belgiler arqali’ toli’qti’rsaq boladi’. Usi’g`an juuap ali’w kerek ha`m ha`r kim ko`z aldi’na kelti’rgen epizodlardi’ wortag`a sali’wi’ tiyis.

2-klassta qosi’q uyreti’wdi’n` repertuari’ 1-klassqa qarag`anda quramali’raq boli’p kelgen. Mi’sali’: «Suyemen yelimdi» A.Sultanov, «Bag`» K.Abdullaev, «Ana ti’lim» G`.Amaniyazov, «Ulli’ bayram» J.Shamuratov, «Qawi’n» S.Palwanov.

Bul qosi’qlar ha`mmesi kewilli, balalardi’n` dawi’slari’na qolayli’ yeti’p islengen. Wolardi’n` diopozoni’ da atqari’wg`a qolayli’yetip baspadan shi’g’ari’lg’an. Biraq biz tan’lag’an maqset ushi’n kitap ha’m rejege ja’nede wozgerisler kiritiw woqi’ti’wshi’ni’n’ pedagogikali’q sheberligine baylani’sli’.

Woqi’wshi’larg`a qosi’qti’ uyreter aldi’nda wolarg`a usi’ qosi’qti’n` tonli’g`i’nda, ya bolmasa sog`an parallel` tonli’qtag`i’ gammalar arqali’ dawi’s sazlaw ushi’n shi’ni’g`i’wlar isleti’w kerek.

Qosi’q uyreti’wde A.Sultanovti’n` «Suyemen yelimdi» qosi’g`i’n alatug`i’n bolsaq qosi’qti’n` avtori’ni’n` wo`mirbayani’ menen woqi’wshi’lardi’ tani’sti’ri’p wo`temiz. Bul qosi’qti’n` xarakteri kewilli, shaqqan, tez tempte ayti’ladi’. Qosi’q balalardi’ Uatandi’ suyiwge, wo`sken yelin, jeri’n, dala qalalari’n suyiuge uyretedi. Qosi’q re major tonli’g`i’nda 4\2 wo`lshemde jazi’lg`an ha`m won alti’li’q, segizlik, sherek, yari’mli’q notalar ushi’rasadi’. Bul qosi’qti’ frazalarg`a bo`li’p uyretemiz. Sonday-aq qosi’qti’n` 3-4 qatari’nda repriza belgisi bar, yag`ni’y 2-ma`rte qaytalani’p ayti’ladi’. Mug`allim ku`shli uleslerge di’qqat berip, wolardi’n` ku`shsiz ulesler menen aralasi’p woti’ri’ui’n, balalarg`a tu`si’ndirip woti’ri’wi’ tiyis. Usi’ menen birge ku`shli ha`m ku`shsiz ulesler xaqqi’nda takt, wo`lshem tuwrali’ tu`si’ndirip wo`tse boladi’. Soni’n` menen birge 2-klassta A.Xayratdi’novti’n` «U`yregim» qosi’g`i’n uyretetug`i’n bolsaq bul qosi’qti’n` da wo`lshemi 4\2 , kewilli xarakterde qulaqqa jag`i’mli’ atqari’ladi’. «U`yregim» qosi’g`i’ lya notasi’nan baslani’p re notasi’nan tamamlanadi’, yag`ni’y qosi’qti’n` tonli’g`i’ re major.

Qosi’q segizlik ha`m won alti’li’q notalari’nda jazi’lg`an ha`m jen`il atqari’ladi’. Bul qosi’qti’ balalarg`a uyretkende A.Xayratdi’nov tuwrali’ qi’sqasha ayti’p wo`temiz ha`m qosi’qqa mi’nezleme beremiz.

2-klassta uyreti’letug`i’n qosi’qlardi’n` templeri ken` tu`rde jazi’lg`an' Mi’sali’ «Bag`» qosi’g`i’ val`s tempinde, «Ulli’ bayrami’m» marsh tempinde «Qawi’n» wortasha, «Men woqi’yman» shadli’ tempte, solay yeti’p 2-klassta uyretetug`i’n qosi’qlardi’n` tempi, yag`ni’y xarakterleri arqali’ balalardi’ muzi’kani’ teren` uyreniwge ha`m usi’ xarakterdegi shi’g`armalardi’ bir-biri menen sali’sti’ri’p wo`zleri’ne talqi’li’ti’wg`a uyretemiz.

### 2.2. Ushi’nshi klass woqi’wshi’lari’na qosi’q uyreti’w jollari’.

**3-klass woqi’wshi’lari’na mi’nezleme**

3-klassti’n` woqi’wshi’lari’ ani’q woqi’wshi’lar yag`ni’y jan-jaqli’ jetisken dep yesaplasaq boladi’. Fizi’kali’q jaqtan ku`shli, wolardi’n` deneleri shi’ni’qqan, boylari’ wo`sken, woylaw, yeste saqlaw qa`biletleri 1-klass penen 2-klassqa qarag`anda anag`urli’m joqari’. 1-2 klassta woqi’wshi’lar ha`r zatqa mi’sali’ woyi’n, qosi’q ayti’w, muzi’kali’q a`sbapta woynawg`a qi’zi’g`atug`i’n bolsa, al 3-klassta balalar tek g`ana wo`zleri’n qi’zi’qti’ratug`i’n pa`n menen shug`i’llani’wdi’ unatadi’.

Muzi’ka mug`allimi mi’nalardi’ yadda saqlag`ani’ duri’s'

1-2 klassta balalar mug`allimge yeliklep, mug`allimnen ko`rgeni’n islese, al 3-klassta balalar wo`zleri’n ko`rsetkisi keledi.

Wolarda insiavativa menen jumi’s islep, to`men woqi’ytug`i’n woqi’wshi’larg`a ko`mek ko`rseti’w, berilwgen uchastkalardi’ wo`z qarawlari’na ali’w si’yaqli’ jumi’slardi’ atqaradi’. 3-klassta muzi’kali’q ta`rbiyani’n` maqseti muzi’ka arqali’ balalardi’n` yesiti’w uqi’pli’li’g`i’n rawajlandi’ri’w boli’p tabi’ladi’.

3-klassta qosi’q uyreti’w metodikasi’. 3-klassqa keli’p woqi’wshi’lar fizi’kali’q ha`m psixologiyali’q jaqtan rawajlang`an boli’p keledi.

3-klass woqi’wshi’lari’ 1-2 klassqa qarag`anda muzi’ka sawati’nan bir qansha na`rselerdi uyrengen boladi’. Sonday-aq wolardan taza qosi’q uyreter aldi’nda usi’ qosi’qti’n` tonal`nosti. wondag`i’ gilt belgileri’n sorap shi’g`i’w kerek.

3-klassta qosi’q uyreti’wdi’n` repertuari’ tematikasi’ jag`i’nan bay ha`m ha`r qi’yli’, Mi’sali’: «Woqi’wshi’ jasti’n` qosi’g`i’» A.Xayratdi’nov «Kel, balalar, balalar» A.Wo`tepbergenov, «Saat ti’li si’rti’ldaydi’» G`.Amaniyazov, «Wo`mir gu`li bolami’z» , «Biz ti’ni’shli’q gu`limiz» G`.Amaniyazovh.t.b.

Bul shi’g`armalardi’ uyretkende ha`r qosi’qti’n` temasi’na baylani’sli’ tu`si’nik beremiz. Mi’sali’: G`.Amaniyazovti’n` «Biz ti’ni’shli’q gu`limiz» qosi’g`i’n uyretkende balalarg`a barli’q yeldi’n` xali’qlari’ ti’ni’shli’qti’ suyetug`i’nli’g`i’n, jer ju`zinde barli’q yellerdi’n` balalari’ bir qi’yli’, ten`dey toq-torg`un, jaqsi’ turmi’sta jasamasada, wolardi’n` ba`rshesi’ni’n` ti’legi paraxatshi’li’q yekenligin so`z yetemiz.

Bul qosi’q fa major tonli’g`i’nda jazi’lg`an, xarakteri kewilli atqari’ladi’. Qosi’qti’n` 5-takti’ pauza, yag`ni’y akkomponiment al 1-2 qatari’ bir dawi’sta ha`m qalg`an qatarlari’ 2-dawi’sta ayti’ladi’. Bunda qi’zlar ha`m balalardi’ 2-daui’sqa bo`li’p aytti’rsaq boladi’.

Solay yeti’p woqi’wshi’larg`a bul qosi’qti’ uyretkende dawi’sti’n` jen`il shi’g`i’wi’n qadag`alaw kerek, sonday-aq bul qosi’qti’ atqarg`anda woyi’n xareketleri menen baylani’sti’ri’wg`a bolatug`i’ni’n ayti’p wo`temiz.

Son`i’nan bul qosi’qqa ko`rgizbe qural reti’nde plakatqa ha`r yeldi’n` balalari’ni’n` suwreti’n sali’p ko`rsetsek boladi’.

Bunda barli’q balani’n` ti’legi bir ti’ni’shli’q yekenligin tu`si’ndiremiz. Nama ti’n`law boyi’nsha woqi’wshi’larg`a xali’q namalari’n ti’n`latami’z. Mi’sali’: qaraqalpaq xali’q qosi’g`i’ «Xa`yyiw» di alsaq oqi’wshi’lar anani’n` qosi’g`i’ yekeni’n biledi. Bul fol’klor qosi’qlari’ qurami’na kiredi.

Soni’n` ushi’n woqi’wshi’larg`a namani’ ti’n`latpastan aldi’n qosi’qqa wo`zleri si’patlama berip, yeger biletug`i’nlari’ bolsa, aytti’ri’p ko`rseti’w kerek, son`i’nan woqi’ti’wshi’ wo`zi atqari’p, yaki bolmasa magnitofonda ti’n`lati’wi’ kerek.

## 2.3. To’rti’nshi klass wo’zi’wshi’lari’na muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’wdi’n’ waziypalari’ ha’m mazmuni’

Bul da`wirde woqi’wshi’lar woqi’ti’wshi’ni’n` ha`r bir berilgen tapsi’rmasi’n bulji’tpay wori’nlawg`a ha`reket yetedi. Muzi’kag`a analiz islew uqi’pli’li’g`i’ payda bola baslaydi’. Muzi’kali’q shi’g`armalardi’ 4-klass woqi’wshi’lari’ni’n` jas wo`zgesheligin esapqa ali’p tan`lawi’ kerek.

Bul jastag`i’ balalar 2-3 klassqa qarag`anda a`dewir yeseygen, muzi’kali’q qa`bileti rawajlang`an boli’p sanaladi’.

4-klass woqi’wshi’lari’ni’n` muzi’ka sabag`i’n wo`tkende ko`rkem wo`ner menen baylani’sti’radi’. Muzi’kali’q a`debiyatqa jivopisti bo`leklemey birgelikte tu`si’ndirse balalarg`a tu`si’nikli boladi’. 4-klassta ji’l dawami’nda xali’q muzi’kasi’ni’n` tvorchestvosi’ menen tani’sadi’.

4-klass woqi’wshi’lari’ni’n` yesiti’w qa`bileti' shi’g`armani’n` basi’nan aqi’ri’na shekem ti’n`law, muzi’kali’q shi’g`armani’n` ayi’rmashi’li’g`i’n bili’w. Marsh, woyi’n ha`m qosi’q, uli’wma shi’g`armani’n` bezeli’wi (major, mi’nor) Seslerdi’n` biyikligin ayi’ri’p bili’w kerek. Turaqli’ ha`m turaqsi’z seslerdi esiti’p bili’w qa`bileti’n rawajlandi’ri’w kerek.

Frazali’q dem ali’s boyi’nsha tu`si’nikke iye boli’wi’ kerek. 4-klassqa keli’p xor partiyalarg`a bo`li’p qosi’q aytti’ri’wg`a boladi’. Muzi’ka sawati’ boyi’nsha 4-klassqa keli’p woqi’wshi’lar seslerdi’n` so`zleri’n ani’qlap biletug`i’n boladi’. 1-3-klassta wo`ti’lgen materiallardi’, bilimi’n woqi’wshi’lar menen 4-klassta qatti’ itibarli’q penen bag`darlamani’ qaytalap bari’w kerek.

Yeger woqi’wshi’lar 3-klassti’n` bag`darlamasi’n toli’q uyrenip ala almag`an bolsa, wonda wolarg`a to`mendegi izertlewler ju`rgiziwge boladi’.

Mi’sali’: Ha`zirgi yesiti’lgen nama qaysi’ xali’qti’n` qosi’g`i’, bul yesiti’lgen (ti’n`lang`an) qosi’qti’n` kompozitorlari’ bar ma, yamasa xali’q do`reti’wshiligi

me, bul qosi’qta neshe dawi’s yesiti’li’p turg`anli’g`i’n, qosi’qti’n` ladi’n, major yamasa mi’nor yekenligin ani’qlaw kerek.

4-klass woqi’wshi’lari’na qosi’q uyreti’w metodikasi’. 4-klass woqi’wshi’lari’ to`mengi klass woqi’wshi’lari’na qarag`anda a`dewir ulkeygen, fizi’kali’q jaqtan rawajlang`an, daui’s diopozonlari’ ken`eyti’rilgen boli’p keledi.

4-klass woqi’wshi’lari’ yeki dawi’sli’ qosi’qlardi’n` do notasi’nan yekinshi oktavani’n` mi notasi’na shekemgi arali’qta ayti’wi’ kerek. a`ste, wortasha, qatti’ dawi’s penen ayti’latug`i’n qosi’qlardi’ atqarg`anda demdi u`nemlep shi’g`ari’w kerekligin tu`si’ndirip beremiz. Bul buwi’ng`a sa`ykeslengen bir neshshe seslerdi aytqanda dawi’sli’ sesti buzbay qurasti’ri’w kerek.

Woqi’ti’wshi’ yeki dawi’sli’ qosi’qlardi’ aytqi’zg`anda jag`i’mli’ yeti’p, 1-2 dawi’slardi’n` ten` ha`m tiykarg`i’ ma`nige iye boli’wi’n qadag`alaw tiyis, al muzi’ka sawati’ boyi’nsha u`shi’nshi klasstag`i’ bilimleri’n bekkemleydi, major ha`m mi’nor ladi’ni’n` 1-5 basqi’sh arali’g`i’ndag`i’ ses qatari’n yesiti’p ayi’ra bili’w kerek. Solay yeti’p qosi’q sabag`i’nda uyreti’lgen qosi’q penen birge muzi’ka sawati’n da baylani’sti’radi’, yag`ni’y tan`lap alg`an shi’g`armani’n` xarakteri’n, gilt belgileri’n wondag`i’ ushi’rasatug`i’n basqa da di’namikali’q belgilerdi balalardi’n` wo`zleri’ne tabi’wg`a mu`mkinshilik beriw kerek.

Sonday-aq tan`lang`an shi’g`armani’n` mazmuni’n tu`si’ndirip ha`m balalarg`a soraw juwap ju`rgiziw kerek.

Mi’sali’: Jaqsi’ boli’w degen ne? atli’ qosi’q kompozitor T.Esirkepov ha`m shayi’r A.Xojanbaev so`zine jazi’lg`an.

Bul jerde balalarg`a jaqsi’ menen jamanni’n`, aq penen qarani’n` arasi’ndag`i’ ayi’rmashi’li’q, jaqsi’, a`depli balag`a ta`n qa`siyetti ayti’p wo`ti’w kerek. Qosi’q u`yreti’w bari’si’nda ritmge tu`siw, turaqli’ ha`m turaqsi’z seslerdi di’qqat penen yesiti’wdi ta`mi’nlew maqset yeti’p qoyi’ladi’. Soni’n` menen birge woqi’wshi’lar

namani’n` xarakteri’n, so`zin ani’qlap u`yrenip barsa woqi’wshi’lardi’n` yesi’nde qaladi’.

Sonday-aq nama ti’n`lawg`a G`.Amaniyazovti’n` «Tan` sazi’» shi’g`armasi’n alsaq, bunda balalar namani’n` to`men ha`m joqari’ ko`terili’win, notalardi’n` birdey sozi’mli’li’g`i’n ko`riwge boladi’. Balalarg`a «Tan` ati’p kiyati’rg`anli’g`i’n qanday belgiler arqali’ toli’qti’rsaq boladi’? degendey sorawlar qoysaq boladi’.

Sonday-aq jazdi’n` ku`ni tan` atqanda qanday ta`biyat ko`ri’ni’sleri’n bayqawg`a boladi’ dep sorasaqta boladi’.

Solay yeti’p 4-klassta nama sabaqli’g`i’n paydalana woti’ri’p wolardi’ uli’wma muzi’ka ma`deniyati’ni’n` jan`ali’qlari’ menen tani’sti’ri’p woti’rsa wori’nli’ boladi’. Sebebi pa`nni’n` ati’ni’n` wo`zgeriwine baylani’sli’ woqi’wshi’lar tek g`ana qosi’q u`yrenip qoymay muzi’kani’ jan-jaqlama wo`zlesti’riw kerek. Soni’n` menen birge shi’g`i’s woyshi’llari’ni’n` shi’g`armalari’, wolardi’n` ha`zirgi ku`nde tutqan worni’ haqqi’nda bili’wleri tiyis.

## 2.4. Baslawi’sh klassta muzi’ka sabag’i’ni’n’ metodikali’q jumi’lari’.

Joqari’da da’sturiy bilim beriw usi’llari’ tuwrali shamali’ bolg’an tema ha’m woni’n’ isleri ayti’li’p wotilgen yedi. Yendi wolardi’n’ ha’zirgi talap da’rejesindegi mi’sal menen birinshi klassti’n’ bir sheregin jobalastiriw jollari’n ko’rsetip wotemiz.

“Muzi’ka a`lemi’ne sayahat” sherek temasi’

“Xosh namali’ a`sbaplar” sabaq temasi’ bolsa

Nota Sawati’: Barli’q muzi’ka a`sbaplar

Qosi’q u`yren: «Shag’ala» qosi’g`i’

Muzi’ka ti’n`lan`: Bibigul qosi’g’i’

Sabaqti’n` maqseti:

-Muzi’kali’ a`sbaplar haqqi’nda tu`si’nik beriw;

-Qaraqalpaq xali’q qosi’g’i “Bibigul” qosi’g’i’n texnikali’q a’sbaplar ja’rdeminde yesittiriw ha’m qosi’q mazmuni’n tu’sintiriw;

- Fol’klor janri haqqi’nda tu`si’nik beriw;

-Ritmikali’q ha’reketler menen uyretilip ati’rg’an qosi’qlardi shappat menen ha’m woyi’n menen ha’reket yetiw.

Sabaq qurali’:

-1 klass muzi’ka sabaqli’g`i’;

- texnikali’q uskeneler;

- qayraq, qashqar rubabi’muzi’ka a`sbaplari’;

- korgizbe qural(shag’alanin’ suwreti)

- xoshametlewshi kartochkalar.

**Sabaqti’n` metodi’:**

«aqi’li’y xujim», sawbet, «rebus», «esse»

**Sabaqti’n` bari’si’:**

Klassg`a kirip woqi’wshi’lardi’ wo`tken tema boyi’nsha reflektsiya isleymiz. Sawbet, «esse», «rebus» metodi’ arqali’ aldi’ng`i’ sabaqti’ esleymiz, qosi’qti’ atqarti’rami’z ha`m de bahalaymi’z. Bunda woqi’wshi’lardi’ keshegi sabaqti yeslew ushi’n qi’ziqli’ bolg’an joldi’ tan’law kerek. Mi’sal ushi’n ozbek xali’q namasi’ “Qari navo” namasin wotken sabaqta wotilgen bolsa rubapta namani bir uzindisin shertip bul namani ta’bi’wi’n aytadi’. Balalar yeslewg’e ha’reket yetedi. Bul process balalardi’ yeslew qa’bletin rawajlandiriwg’a ha’m shaqqanli’qqa shaqi’adi’. Qosi’msha sorawlar berili’wi mumkin:

Slaydda fol’klor qosi’qlarinan uzindiler, shag’ala qosi’g’i’n atqari’w korinisi suwreti, qosi’g`i’nin’ video yamasa awdio namasi’n yesitti’remiz. Bes mi’nut yesitedi. Mazmuni’n ashi’p beriwshi suwretlerdi slayd ja`rdemi’nde ko`rseti’p sorawlar beriledi, balalarda tu`si’nik payda yetemiz.

Balalardan «aqli’y xujim» arqali’ suwrettegi ko`ri’ni’sti ayti’wdi’ soraymi’z.

**Nota sawati’:** Muzi’ka a`sbaplari’ ha’m sa’zende haqqi’nda mag`lumat beremiz. Woni’n` perdeleri, qaysi’ xali’qti’n` muzi’ka a`sbapi’ yekenligin tu`si’ndiremiz.





Sazende nama shertedi.




**Dawi's shi'ni'qti'rami'z.** Da`slep notalarda keyi'n u`nli dawi'slarda balalar dawi's diapozoni'nda biri'nshi oktava do notasi'nnan 2 oktava do notasi'na shekem aytti'rami'z. Qol shappatlaw arqali' ha`m de piani'no muzi'ka a`sbapi' arqali' gamma oynaladi' ha`m birgelikte aytami'z.

Bulardi' fol'klor qosi'g'i menen birge de a'melge asiriwg'a boladi'. Bunda qosi'qlardi' buwi'nlarg'a bolip atqariladi' ha'm dawi'slardi' ayri'qsha ayri'qsha yetip ti'ni'q atqari'wg'a ha'reket yetediler.

**Birgelikte qosi'q atqari'w.** Da`slep woqi'ti'wshi' fol'klor qosi'g'I' ha'qqi'nda mag'li'wmat beredi, woqi'wshi'lar menen sawbetlesedi, esseler soylep beriwi mumkin. Qosi'qti ritm menen woqi'ti'wshi' birge buwi'nlarg'a bolip atqaradi'lar. Qosi'q ma`ni'si'n birgelikte analizlaydi' ha`m de qosi'qti' buwi'nlarg`a bo`li'p qosi'qlardi' xarakteri menen u`yreti'ledi.

**Muzi'ka ti'n`law.** "Ayaq woyi'n" namasi'n yamasa "Bibigul" namasi'n ti'n`latami'z. Sebebi reje tiykari'ndag'i' nama menen maqsetimiz a'melge aspaydi'. Rubab muzi'ka asbapi'nda kishi nama yesitti'riledi.

«Ayaq woyi'n» namasi'n ti'n'lan'.



**Sawbetlesiw.** Biz su`ygen a`sbaplar? atamasi'nda gurri'n` wo`tkeremiz. Muzi'ka a`sbaplardi' ahmiyeti'n qi'sqa analizlaymi'z.

**Do`reti'wshilik jumi's.** 1. Rebus metodi' ja`rdemi'nde muzi'ka a`sbaplari'na so`zlik jasaymi'z.

2. Wo`ti'lgen qosi'qti' birge atqarami'z

3. Balalar akvarium metodi' ja`rdemi'nde 4 woqi'wshi' ha`r qayi'si' bir muzi'ka a`sbapi' boli'p woni'n` dawi'si', sherti'li'win ko`rseti'p beredi.

Wolardi'n` atqari'wi'n ati'raptag`i' balalar qadag`alap wo`zleri'ne mag`lumat aladi'lar.

**Sabaqti' bekkemlew**. Sabaqta wo`ti'lgen sabaq formalari' nama ti'n`law, qosi'q haqqi'nda, muzi'ka haqqi'ndag`i' mag`lumatlardi' juwmaqlasti'rg`an jag`dayda bar qatar «Klaster» metodi' arqali' sabaqti' bekkemleymiz. Yamasa bir woyi'nli metodlardan paydalaniw jumi's maqsetini a'melge asi'ri'da ja'rdem beredi. Bunday metodlardi' balalardi'n` juwaplari'nan keli'p shi'g`i'p wolardi'n` juwaplri'ni' taxtag`a itibar berip jazi'lsa wolarda maqtani'sh sezimleri payda boladi' ha`m de ja`ne de sabaqqa ti'ri'sqaqli'g`i' asadi'. Wo`ti'lgen qosi'qti' birge qaytalap atqarami'z.

**Sabaq juwmag`i'.** Sabaqta woqi'wshi'lardi' bahalaymi'z ha`m de xoshametleymiz.

**U`y waziypasi'.** Berilgen qosi'qti' yad ali'w, rubab muzi'ka a`sbapi' haqqi'nda ayti'p beriw, Fol'klor qosi'qlari' haqqi'nda soylep beriw.

Ta`lim na'tiyjeliligin asi'ri'w ushi'n wolardi'n' jas wozgesheligin yesapqa ali'p wo`qi'w programmalari'n uyreti'wde woqi'ti'wshi'ni'n' sheberligi yen' tiykarg'i' ma'selelerden biri.

Sabaqli'qlar, texnikali'q qurallar, ko'rsetpe qurallar arqali‘ didaktikali‘q pri'nciplar tiykari'nda balalar fol'klor qosi'qlari'n uyreti'w mektep jamaasi‘

ha’m muzi’ka pa’ni wo`qi‘ti’wshi’si’ni’n‘ tajriybe ha’m ko’nlikpesi’ne baylani’sli‘.

Sabaqta qaysi’ jumi’s turi (ti’n’law, atqari’w, muzi’kali’q xa’reketler) bo`lmasi’n, berilgen temalardag’i’ shi’g’arma uyreni’ledi ha’m woni’n’ wozgesheligi (janri’, formasi, du’zilisi, atqari’wshi’li’g’i’) haqqi’da yag’ni’y tusi’nikler payda bo’ladi’. Sol sebep, muzi’ka fol’klori’ wo`qi’wshilardi’n’ insaniyli’q sanasi’n payda yeti’wshi uli’wmali’q bilim, tusi’nikler jiynag’i’ (atqari’wshi’li’g’i’n, xali’q ha’m fol’klor shi’g’rmalari’, wolardi’n’ klassikali’q muzi’ka, fol’klor qosi’qlari’na bolg’an ko’z qarasti’ qa’li’plesedi.

Sonday-aq, muzi’ka ti’n’law, jamaa boli’p atqari’w, ansambl atqari’wi’n pari’qlay bili’wi muzi’kali’q wo’zgeshelik ha’m sezimdi rawajlanadi’.

Usi’ a’meller arqaqli’ muzi’ka fil’klor qosi’qlari’na bolg’an ko’z-qaras jaqsi’ ta’repke wozgeredi.

Topar boli’p atqari’latu’g’i’n qosi’qlardan da soni’n’day processlardi talap yetiledi, biraq bunda ha’r bir qoai’qti’ wo’qi’wshi’lar birgelikte a’melge asi’radi’, bul bolsa balalarda dosli’qqa shaqi’radi’.

Bul atqari’wda balalar Watan, birgeliktegi kewil so’zlerin, ishki sezimlerin xor boli’p ayti’w menen birge atqaradi’lar. Xor boli’p atqarg’anda ha’r bir dawi’s wo’z a’tirapindag’i’lardi’n’ ha’m wo’zinin’ dawi’si’n yesite biliwi, da’slep taza atqari’wg’a iye boli’wi’ ha’m sol muzi’kali’q shi’g’arma milliy yamasa shet yelnikine qaramay muhabbat, miyir ha’m sol muzi’ka shi’g’armasi’ni’n’ gozalli’g’i’dan quwani’p atqaradi’lar. Sol ma’niste fol’klor qosi’qlari’ni’ da xurmet penen atqaradi’lar.

Baslawi’sh klasslarda uyreti’lgen fol’klor qosi’qlar mazmuni’ arqali’ wo’qi’wshi’lardi’n’ womirge bolg’an, dunyag’a bolg’an ko’z-qarasi’n qa’li’plesti’redi.

Wo’qi’wshi’lardi’ bilimli ziyrek ha’m ma’nawiy ta’rbiyalaw keleshek awladi’ni’n’ kami’l insanlar bo`li’p ja’mleniwine yen’ tiykarg’i’ baza sanaladi’. Bul bolsa yen’ da’slep jaslar ta’rbiyasi’ menen shug`i’llaniwshi’, wo`qi’ti’wshi’lar ushi’n waziypa.

Muzi’ka folklori’n uyreti’wde paydalani’wda qollani’latug’i’n ko`rsetpe qurallar, texnikali’q qurallardan paydalani’wi mumkin bolg’an ilajlardi’ yen’giziw.

Baslawi’sh klasslarda sabaqta ha’m sabaqtan ti’sqari’ muzi’kali’q muzi’kali’q ta’rbiyali’q jumi’slari’nda folklor qosi’qlari’n u’yreti’w jollari’, sabaq formasi, mazmuni’, ha’m metodikali’q texnologiyalari’n jarati’w, wo’zimizdi’n’ ustimizde jeke islep ta’jiriybe ha’m sheberligimizdi asi’ri’p barili’wi’ kerek.

## 2.5.Baslawi’sh klasslarda muzi’ka folklori’n u’yreti’w jollari’

Muzi’ka adamlar turmi’si’n, wolardi’n’ woy wo’risi’n ha’m arzi’w niyetleri’n wo’zine ta’n bolg’an a’debiy muzi’kali’q ti’lde su’wretleydi. Soni’n’ menen birge adamni’n’ turmi’s da’resi’ne u’lken ta’sir yetedi. Bir so’z benen aytqanda muzi’ka wo’neri turmi’sti’ u’yretedi ha’m sa’wlelendiredi.

Muzi’ka woqi’wshilarda estetikali’q tuyg’ulardi ta’rbiyalaw arqali’ wolardi’n’ sanasi’na ha’r ta’repleme ta’sir yetedi ha’m bekkemleydi. Sonday-aq, wolarda insaniy pa’ziyletlerdi qa’li’plesti’riwshi ha’m ruwxiy ta’sir yeti’wshi qural si’pati’nda xi’zmet yetedi. Muzi’ka ko’rkem wo’neri xali’qi’mi’z ma’deniyati’ni’n’ aji’ralmas bir bo’legi. Ata-babalari’mi’zdan miyras boli’p jeti’p kelgen ruwxi’y miyrasi’mi’zdi’n’ jalg’asi’. Ja’miyette joqari’ ruwxiy bayli’qlardi’ tasti’yi’qlaw, milliy idealogiyani’ qa’li’plesti’riw jaslardi’ ta’rbiyalawshi’ faktor boli’p tabi’ladi’. Muzi’ka pa’ni’n mekteplerde woqi’ti’w barisi’nda balalardi’n’ muzi’kali’q qa’bileti rawajlani’p ko’z-qarasi’ ken’eyedi. Muzi’kali’q talap ha’m talg’ani’ qa’li’plesedi. Muzi’ka mug’allimi jaqsi’ muzi’kant pedagog ta’rbiyasi’ boli’wi’ lazim. Tek joqari’ qa’niygeli muzi’ka mug’allimi g’ana balalardi’ muzi’kag’a u’yreti’w ha’m muzi’kali’q ta’rbiya si’yaqli’ speci’pikali’q wazi’ypalardi atqara woti’ri’p balalardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n, idealari’n ha’m talaplari’n, go’zzalli’qa umti’li’p wo’mir su’riwin qa’li’plestierdi. Bul pa’n mug’allimleri’n tayarlawdi’n’ aji’ralmas bir bo’legi si’pati’nda wolarg’a psixalogiya, tariyxiy teoriyali’q ha’m xor dirijerlig’I’ pa’nleri boyi’nsha alg’an bilimleri’n balalardi’ muzi’kali’q ta’rbiyalaw procesi’nde a’meliy qollani’wg’a u’yreniw boli’p tabi’ladi’.

Muzi’kada balalar fol’klori’ wolarg’a estetikali’q ta’rbiya beriwdi’n’ birden-bir qurali’ boli’p tabi’ladi’. Estetikali’q ta’rbiya balalardi’n’ go’zzalli’qti’ qabi’llap seziwi ha’m tu’si’niwi, jaqsi’ menen jamandi’ ayi’ri’p, ko’rkemlik iskerlikti’n’ ha’r tu’ri’ne qi’zi’g’i’w uqi’pli’li’qlari’n rawajlandi’ri’wg’a bag’darlang’an. Muzi’kali’q ta’rbiya menen rawajlandi’ri’w isi duris sho’lkemlesti’riwdi ha’m woqi’ti’wdi’ talap yetedi.

Muzi'ka sawati' muzi'kani ti'n'lawdi, qabillawdi ha'm oni sheberlik penen atqari'wdi'n' birden-bir qurali'. Soni'n' ushi'nda muzi'ka sawati'n bo'lek bir bo'lim yeti'p qaramay wol basqa muzi'kali'q bo'limler menen birgelikte ali'p barili'wui tiyis. Muzi'kali'q iskerlikti'n' tiykarg'i' tu'rleri'ni'n' biri qosi'q ayti'w. Muzi'kali'q ta'rbiya menen bilim beriw waziypalari' woqi'w bari'si'nda sheshiledi. Balalarg'a muzi'ka tuwrali' gu'rri'n' ayti'ladi', shi'g'armani'n' formasi' bir-biri'nen aji'rali'p turatug'I'n bilimleri menen frazalari'na kewil awdari'ladi'. Balalar geybir tu'si'niklerdi u'yrenip yadlap aladi'.

Bul jerde basi'l wazi'ypa muzi'kani', qosi'qti' a'sbaplarda woynawg'a u'yreti'w bari'si'nda xarakterdi tu'si'niw. Yeger balalar tapsi'rmani' jaqsi' tu'si'nse wonda woni' an'sat sha'rtli tu'rde wori'nlaydi'. Ma'selen ha'yyiw qosig'i' ta'sirli shi'g'i'wi' ushi'n dawi'sti' qatti' shi'g'armastan asi'qpay aytqan duris boladi'. Muzi'ka ha'r qashanda ha'r tu'rli sezimlerdi su'wretleydi. Belgili bir zatti' bayanlaydi' ha'm wol wo'zini'n' si'pati' jag'i'nan ha'r tu'rli boli'p keledi. Balalarg'a qosi'q u'yretkende muzi'kani' kompozitor menen xali'q do'retedi dep ayti'p wo'ti'wimiz kerek. Soni'n' menen birge qosi'q ayti'wdi qa'li'plesti'rgende mi'naday tu'si'nikler beriledi:

- dawisti'n' yesiti'li'wi, si'pati' haqqi'nda (sozi'lmali', jen'il, sazli')
- dikciyani'n' durislig'i' tuwrali' (ani'q su'wretli)
- nota si'zi'g'i' tuwrali' (joqari' ko'teriledi ya'ki to'menleydi, sesler qaytalanadi')
- metr, i'rg'aq haqqi'nda (ses qi'sqa ya'ki uzi'n boladi')

Usi'lardi yesapqa ala woti'ri'p woqi'wshi'larg'a qosi'q aytti'rg'anda wolardi'n' yesiti'w qa'bileti'n rawajlandi'ri'w kerek. Wolarg'a qosi'qti taza yeti'p aytqiziwg'a u'yreti'w kerek. Yeger bala qosi'qti' duris ayta almasa wolardi ne ushi'n qosi'qti ayta almag'anli'g'I'n bili'p ali'w kerek. Sebebi wolarda bir neshshe jag'daydi' ko'riwge boladi'. Mi'sali' seslerdi duris yesite almawi' mu'mkin, bolmasa di'qqat qoymay woti'ri'wi' mu'mkin. Ja'ne soni'n'

menen birge woqi'wshilarg'a qosi'q aytqi'zg'anda duris dem ali'w tuwrali' ayti'p ha'm sol alg'an dem ha'r bir frazag'a toli'q jeti'wi kerekligin tu'si'ndirip beremiz. Balalar qosi'q aytqanda duris dem ali'wi'n qadag'alaymi'z. Bul balalarda a'sirese baslawi'sh klass woqi'wshi'larda fiziologiyali'q ta'repten rawajlani'p baradi'. Woqi'wshi'larg'a mug'allim qosi'qta di'qqat, dem ali'wi'n, baslani'wi'n ko'rseti'wi kerek. Qosi'q aytqi'zar aldi'nda shi'ni'g'i'wlar dawi's sazlawlar isleti'w kerek boladi. Ja'ne qosi'q shg'armalari'ni'n' ritmik ha'reketleri haqqi'ndag'i' tu'si'nikleri'n bekkemlep muzi'kag'a u'les, wo'lshem ha'm wolardi' usi'nday terminler menen tani'sti'ri'p boli'p yendi wolarg'a qosi'qlar ti'n'lawdi' ha'm tali'qlawdi' tapsi'rma qi'li'w mu'mkin boladi'. Bul haqqi'nda wolardi'n' jeke pikirlerin yesitiw ha'm woqi'wshi'larg'a itibar beriw pedagogikada ulken a'hmiyetke iye.

Qosi'q u'yretkende dawisti'n' jen'il shi'g'iwin qadag'alaw kerek, ja'ne qosi'q xarakteri'ne qarap yeger shoq xarakterli bolsa woyi'n ha'reketleri menen baylani'sti'riwg'a boladi'. Ko'rgizbeli qurallar islep qosi'q mazmuni'na qarap su'wretler sali'p kelsek boladi'.

Dawisti'n' salamat ha'm jag'imli' boli'wi' yesitiliwi wolardi'n' ha'r birinin' wo'zleri'ne baylani'sli' ekenligin tu'sindiriwimiz kerek. Ko'zdi qanday qa'sterlep saqlasan' dawi'sti'da sonday ku'ti'p qosi'q aytqanda qatti' baqi'rmay tamaq awi'rg'ansha ku'shenip so'ylemew, dawi'sqa ku'sh tu'setug'i'n joqari' ha'm pa's diopozonda jazi'lg'an qosi'qlardi' aytpaw, qi'zi'p turi'p muzday zatlardi', suwlardi' ishpew kerekligin aytami'z. Tek fol'klor qosi'qlari' yemes balki basqa qosi'qlardi atqariwda tomendegi qag'iydali' juwmaqlarg'a a'mel yetiwimiz kerek.

1.Qosi'q aytqanda ya'ki xorg'a qosi'lg'anda dawi'sta tosattan payda bolg'an ha'r qanday wo'zgerislerdi woqi'ti'wshi'g'a bildirip woni'n' ma'sla'hati'n ti'n'lan'.

2.Qosi'qti zerikpesten jen'il, yerkin so'zleri'n ani'q ayti'wg'a yerisi'n'. Sonda g'ana aytqan qosi'qlari'n'iz gozzal ha'm jag'imli' yesiti'ledi.

3.Xor boli’p qosi’q aytqanda qasi’n’izdag’i’ doslari’n’izdi’n’ dawi’si’n yesiti’p ha’m qosi’li’p bir adamni’n’ aytqani’nday yeti’p ansambl payda yeti’w.

4.Tik turip ya’masa wti’ri’p qosi’q aytqanda denen’izdi duris bos uslap qollari’n’izdi’ dizeni’n’ u’sti’ne qoyi’p aytqan maqul.

5.Qosi’qti’ aytqanda gewdeni ko’termey shawqi’msi’z teren’rek dem ali’p ayti’wdi’ uni’tpaw

6. Qosi’q ayti’p ati’rg’ani’n’izda awzlari’n yerkin iyekti ko’tere bermey jag’i’mli’ yeti’p aytti’ri’w.

7. Dawi’sqa awi’r salmaq tu’setug’in qosi’qlardi transpoziciya (qolayli’ ton’li’qqa tu’sirip) joli’ menen ayti’n’ h.t.b

Wolardi’ is ju’zinde vokal ha’m xor shi’nig’iwlari’ menen tani’sti’rami’z. Qosi’qlardi’ u’yreniw ha’m woni’ ayti’w ushi’n muzi’ka mug’allimi wo’ti’wge tiyisli qosi’qti’ wo’zi tan’lap aladi’.

Muzi’ka mug’allimi ta’repinen joqari’da qoyi’lg’an talaplardi’ woqi’wshi’lar duris wori’nlasa dawi’slari’ shi’ni’g’i’p qosi’qti’ yerkin ha’m an’sat ayti’wg’a biyimlesedi.

Woqi’wshi’lardi’ muzi’kali’q jaqtan rawajlandi’ri’wda sabaqti’n’ nama ti’n’law bo’limi ju’da’ a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’. Ha’r bir klassta muzi’ka ti’n’lawdi’n’ tu’rleri haqqi’nda ayti’p wo’temiz. 1-klassta balalardi’n’ muzi’kali’q jaqtan rawajlaniw da’rejesi bir qa’li’pte yemes, balalar muzi’kani ti’n’lap, qosi’qti duris ayti’p biledi, al ayiri’m balalar muzi’kani qalay ti’n’lawdi, woni’ atqari’w sheberlikleri’n bilmeydi ha’m muzi’ka sabag’ina nemqurayli qaraydi. Sol sebepli wolarg’a (mug’allimlerge) mi’naday talaplar qoyiladi:

1.Muzi’kani’ ti’n’law – bunda balalar negizgi janrlardi’ ayi’ra bili’wi kerek. (marsh, woyi’n, qosi’q)

2.Qosi’q ayti’w bo’limi’nde yen’ biri’nshi balalardi’n’ diopazoni’ ani’qlanadi’. Wolardi’n’ qosi’q ayti’w diapazoni eki-u’sh sesten ibarat boli’wida mu’mkin.

Muzi'kani' ti'n'lawdi' rawajlandi'ri'w uqi'pli'qlari' to'mendegishe ali'p bariladi'.

Muzi'kali'q shi'g'armalardi ti'n'lap ha'r bir muzi'kali'q sabaqti'n' bir bo'legi bolg'an seslerdi'n' joqarg'i yamasa to'mengi dawi'slari'n ritmdi bilmey qosi'q ayti'wi' mu'mkin yemes. Sonli'qtan muzi'kani' ti'n'lap u'yreniw kerek.

Muzi'kani' ti'n'law uqi'pli'li'g'i'n rawajlandi'ri'w ushi'n muzi'kali'q qa'biletten paydalani'w kerek. Mi'sali' qosi'q ayti'w, al qosi'qti' duris ayti'p bili'w ushi'n sesti ti'n'lap bili'w kerek. Muzi'kani' jaqsi'lap qabi'llap ha'm tu'si'nikli yeti'p ti'n'law ushi'n yen' da'slep balalr qosi'qti'n' xarakteri'n, mazmuni ne haqqi'nda ayti'li'p ati'rg'ani'n bili'wi tiyis.

Son'inan muzi'kani' yetaplari'na sali'p ti'n'lati'wg'a boladi. Muzi'ka ti'n'law bo'limi 4 etaptan ibarat.

1. Kirisiw
2. Muzi'kali'q shi'g'armani atqari'p beriw
3. Ti'n'lag'an shi'g'armalari' tuwrali' an'gimelesiw
4. Qaytalap ti'n'law

2-klassta I-sherek bag'darlamasi'nda a'pi'wayi' shi'g'armalar berilse, al III, IV sherekte qosi'q namalardi'n' quramalasi'p bari'wi'na baylani'sli' mug'allimnen ko'p tayarli'qti' talap yetedi. Sabaqta nama ti'n'law ushi'n o'zbek xali'q namalari' "Gu'lbahar", "Farg'onacha", "Chegaraschi" qosig'i' G.Amaniyazovti'n' ha'm kompazitor A.Saparovani'n' "Botalaq" shi'g'armalari'n ti'n'latsaq boladi'. Yeger Sh. Ermatovti'n' "Sag'lom avlod qo'shi'g'i" namasi'n alsaq, bunda shi'g'armani'n' xarakteri'n ani'qlap, balalar menen birge muzi'kani' atqari'w sheberlikleri'n, sonday-aq muzi'kani' qabi'llaw ha'm muzi'ka sawati' menen baylani'sti'riw kerek boladi'. Misali, nama ti'n'lawg'a fol'klor qosi'g'i' "Tulkishek" qosig'in shi'g'armasi'n alsaq bul qosi'q balalardi' Watandi' su'yiwge, qorg'awg'a ta'rbi'yalaydi'. Shi'g'armani' ti'n'lati'p boli'p woqi'wshi'lardan qanday tempte jazi'lg'ani'n notalardi'n' sozi'mli'g'i'n ha'm woni'n' ritmi tuwrali' soraw kerek. Son'inan

balalarg'a soraw bersek boladi'. Bul ti'n'lag'ani'n'izda ko'z aldi'n'izg'a nelerdi kelti'rdi'n'iz? Ha'r bir bala ko'z aldi'na kelti'rgen epizodlardi wortag'a sali'p qosi'qti tali'qlawi tiyis.

3-klassta woqi'wshi'larg'a falklorli'q namalardi' ti'n'latami'z. Mi'sali', qaraqalpaq xali'q qosig'I' "Ha'yyiw"di alsaq, woqi'wshi'lar anani'n' qosi'gi' yekeni'n biledi. Soni'n' ushi'n woqi'wshi'larg'a namani' ti'n'latpastan aldi'n qosi'qqa wo'zleri si'patlama berip, yeger biletug'inlari' bolsa aytti'ri'p ko'rseti'w kerek, son'i'nan woqi'ti'wshi' wo'zi atqari'p beriwi yamasa magnitafonda ti'n'lati'wi' kerek.

4-klass woqi'wshi'lari'ni'n' yesiti'w qa'bileti shi'g'armani' basi'nan aqi'ri'na shekem ti'n'law, muzi'kali'q shi'g'armani'n' ayi'rmashi'li'g'i'n bili'wi menen si'patlanadi'.

Fol'klor qosi'qlari'n uyretiliwi balalarda seslerdi'n' fal'cet ayti'li'wi', unison ayti'p biliwi, seslerdi yesiti'p bili'w qa'bileti'n rawajlandi'ri'w kerek. Bunda nama ti'n'lawg'a qaraqalpaq xali'q namasi' "Qara jorg'a" ni ti'n'latsaq boladi'.

4-klassta nama ti'n'lawg'a qaraqalpaq xali'q namasi' "Xan sayat" duwtar ushi'n M. Jiemuratovti'n' "Qaraqalpaq pesasi" nan ti'n'latsaq boladi'. Namani' ti'n'lati'p bolg'annan keyi'n woqi'wshi'lar menen woqi'wshi'lar menen gu'rri'n' ju'rgizemiz. Bul xali'q qosi'qlari'n kompozitor ta'repinen qayta p'yesa ushi'n qayta islengenligin tu'sintiremiz ha'm bular balalardi'n' yesi'nde jaqsi' saqlanadi'.

Ha'zirgi du'nya pedagogikasi'nda ha'r qi'yli' pedagogikali'q texnologiyalar qollani'lmaqta. Ma'selen, kognitivlik pedagogikali'q texnologiya oqi'wshi'ni bilim ha'm ko'nlikpe menen qurallandiriw, wolardi'n' keleshektegi xizmeti'nde qollaniwg'a maqset yeti'p qoyadi'. Evrestikali'q texnologiya boyi'nsha sabaq wo'tkende woqi'wshilardi'n' sabaqqa belsendiligin artti'ri'w wolar menen sabaqta wo'ti'lgen qosi'q qosi'q yamasa muzi'ka haqqi'nda soraw juwaplar wo'tkeriw pikirlesiw sa'wbet formasi'nada ali'p bari'w.

- Yen’ kishkeneni’n’ ati’ kim?
- Wo’zin’ ko’rgen …. jan ….

Qatarlasi’p balalar qol uslasi’p “ha’k Kreativlik do’reti’wshilik pedagogika texnologiyasi’ bul woqi’wshi’lardi’n’ woylaw qa’bileti’n, qi’zi’wshi’li’g’i’n ha’m uqi’pli’li’g’i’n artti’riwg’a itibar beriw degen so’z. Bunda wo’ti’letug’i’n materialdi analiz-si’ntez sali’sti’rmali’ usi’lda tu’si’ndirip beriw. Sabaqti’ muzi’kali’w uli’wmalasti’riw metodi’- jetekshi metodlardi’n’ biri boli’p, woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kani’ qabi’llawi’, logikali’q ko’rkem pikirlew qa’bileti’n rawajlandi’ri’wg’a qarati’ladi’.

Muzi’ka sabaqli’g’i’n woqi’tqanda sabaq mazmunli’ ha’m qi’zi’qli’ ha’r ta’repleme jetiskenli da’rejede wo’ti’wi’ ushi’n balalar folklorli’q shi’g’armalari’nan paydalani’w ju’da’ a’hmiyetli.

Woyi’n-zawi’q ji’rlari’, qosi’qlari’ balalar woyi’ni dep ataladi’. Balalar kollektiv boli’p woynag’anda balalar woyi’ni’ni’n’ gey birewi poetikali’q qosi’qlar menen atqari’ladi.

Balalar “pa’llempek” woyi’ni’n woynag’anda yeki ta’repke bo’li’ni’p soraw juwaplar menen xabarlasadi’.

- Pa’llempek
- Pa’lkitap

ke qayda” woyi’ni’n woynag’anda.

- Ha’kke qayda?
- Uyasi’nda
- Ne qili’p ati’r?
- Keste tigip ati’r
- Kestesi qanday?
- Alaqanday
- Darwazasi qannan?
- Wo’te beri’n’ bunnan
- Neshe atlasam wo’temen?
- ….. atlasan’ wo’tesen’.

Balalar woyi’ni’nda ayti’latug’in ko’lemli shi’g’armalardan “Tu’lkishek”, “A’welemen du’welemen” woyi’nlari’nda ayti’latug’i’n qatarlar balalardi’ poetikali’q so’zlerdi yadlawg’a, duris so’ylewge u’yretedi.

A’welemen du’welemen
Salqan iytti’n’ sani’ menen
- A’wez molla qayda ketti?
- Duzg’a ketti …

Balalardi’n’ “g’ayi’n’-g’ayi’n’”, “Quwi’rshaq” woyi’nlari’ balalardi’ miynet qi’li’wg’a shaqi’radi’.

Mi’sali’,

Quwi’rshag’i’m yedi jarag’an
Basi’n haywan qaslap worag’an
Quwi’rshag’i’ma shi’taq taqtim

Woynayi’n dep u’yden shi’qti’m - degen qatarlar qi’z balalarg’a kiyim tigiw miynetleri’n u’yreti’wden ibarat boladi’.

Ja’ne bir sabaq wo’ti’wdi’n’ woyi’n metodi’nan paydalansaq boladi’. “Man’lay shertpek” xali’q woyi’ni boli’p tabi’ladi’. Bul woyi’ndi’ woqi’wshi’larg’a qosi’g’i’ menen ko’rsetsek boladi’. Mi’sali’, wortag’a bir balani’ shi’g’ari’p woni’n’ ko’zin baylaymi’z.

Kewildegi so’z benen
Serlep-serlep qaran’lar
Sezgir bolsan’ sezip al
Kim shertkeni’n yaranlar.

Bul so’zlerdi ayti’p bolg’annan keyi’n bir woqi’wshi’ wortag’a shi’g’ip ko’zi baylang’an balani’n’ man’layi’nan sherti’p wo’tedi.

Man’lay shertpek degende
Man’lay shertpek yaranlar

Sezgir bolsan' sezip al

Kim shertkeni'n yaranlar.

- dep usi' so'zden keyi'n woqi'wshi'ni'n' ko'zindegi baylawi'n sheship alami'z ha'm shertken adamdi' tawi'p ali'wi'n aytami'z. Yeger taba almasa wonda woqi'wshi'g'a bir sha'rt qoyi'ladi'. Qosi'q ayti'w yamasa ayaq woyi'n menen wo'z wo'neri'n ko'rseti'wi kerek. Yeger ha'r bir sabaq solay yeti'p woyi'n menen ya bolmasa soraw - juwaplar menen ali'p bari'lsa sabaq kewilli, qi'zi'qli' wo'tedi ha'm woqi'wshi'lardi'n' sabaqqa degen qi'zi'g'iwshi'li'g'i'da artadi'.

Solay yeti'p juwmaqlap aytqanda muzi'ka woqi'ti'wshi'si' ko'rkem wo'ner teoriyasi ha'm a'meliy tarawlardan jeterli da'rejede bilim ko'nlikpe ha'm ta'jireybege iye boli'w menen birge wol sazende, dirijer, atqari'wshi, jurnalist, muzi'ka teoretigi ha'm a'meliyatshi'si' si'pati'nda is ko'riwi lazim. Muzi'ka woqi'ti'wshi'si'ni'n' do'reti'wshiligi sonda, wol bir saatli'q sabaqqa senariy avtori, woni'n' atqari'wshi'si', rejessiyori' si'pati'nda is tutadi'. Muzi'ka boyi'nsha ma'mleketlik ta'lim standartlari' tiykari'nda jan'a da'stu'r islep shi'g'i'ldi'. Jan'a da'stu'r mazmuni'nda milliy muzi'ka miyraslari'nan toli'q paydalani'w massali'q xali'q namalari' ha'm qosi'qlari', maqom, shoshmaqom, da'stanlar da bu'gingi zamanago'y muzi'kada wo'z ko'ri'ni'si'n tapqan. Usi' da'stu'rdi'n' woqi'w bari'si'nda muzi'ka woqi'ti'w metodikasi' sabaqlari'ni'n' jilli'q sherek temalar, jobalari', ko'zgizbeli sabaqlar kestesi, jergilikli muzi'ka ha'm sabaq xizmetleri sabaq temasi'ni'n' ajiralmas bir bo'legi boli'p uli'wma temag'a boysi'nadi ha'm ma'ni'si wo'z-ara baylani'si'p bir pu'ti'nlikti sho'lkemlesti'redi. Buzler wo'z gezeginde woqi'ti'wshi'lardan is mazmuni'n ha'm wo'ti'w usi'llari'n jan'alap bari'wdi' talap yetedi.

Muzi'ka mug'allimi'ni'n' islegen jumi'si'ni'n' na'tiyjeligi balalardi'n' muzi'kani'n' mazmuni'n qalay tu'si'ngenliginen ha'm woni'n' ta'rbiyali'q mu'mkinshiliginen bayqaladi'. Sonday-aq, muzi'ka mug'allimi balalar psixologiyasi', fiziologiyasi' menen tani's boli'wi' tiyis. Sebebi,

balalarg'a qosi'q u'yretkende, nama ti'n'latqanda wolardi'n' jas wo'zgesheligi yesapqa ali'nadi'. Muzi'ka sabag'i' basqalari'nan wo'zini'n' ko'rkemliligi ha'm balalarg'a do'reti'wshi zawi'q emocional tuyg'ilar ha'm obrazli keshirmelerdi ko'rseti'p beriwi menen aji'rali'p turadi'.

## Juwmaqlaw

Muzi’ka wolardi’ aqi’lli’li’q, a`deplilik rawajlani’wi’nda ulken ta`sir ko`rsetip, insan sanasi’ni’ qa`liplestiriwge u`lken a`hmiyetke iye, woni’n` psixologiyali’q, fiziologiyali’q sezimlerine jaqsi’ ta`sir ko`rsetedi.

Ata-analar jas bobeklik da`wirinen muzi’ka(jay temptegi)lardi’ yesittirip, woynati’p bari’w u`lken balalarg`a qarag`anda tezirek rawajlanadi’.

Kishi jastag`i’ balalarda da muzi’ka kerekli a`hmiyetke bay boli’p wonda ritmikali’q woyi’nlar, tabiat menen baylanistag`i dawis yamasa muzi’kalar jaran`li’, ma`selen,  jamg`i’r sesi, ag`ar suw yamasa qong`i’raw sesini ani’qlaw wolarda umit, qi’zi’g`i’w, tabiatqa miyir sezimlerini qa`liplesip baradi’.

Worta bilimlendiriw mekteplerinin` tiykarg`i’ waziypalari’nan biri woqi’wshi’lardi’ pikirlew ha`mde woylaw, pikir jurgiziwge u`yretiw. Bul processda woqi’ti’wshi’ balalardi’ belgili bir muzi’ka shi’g`armasi’ menen tani’sti’radi’, wo`zi atqari’p woqi’wshi’lardi’n` di’qqati’ni’ tartadi’. Bul process balalardi’n` so`ylew ma`deniyati’n, pikirlewini ken`eytedi, sezimlerine u`namli’ ta`sir ko`rsetedi.

Sabaq mazmuni’ni’n` tiykarg`i’ wa`ziypasi’ woqi’wshi’lardi’n` sanasi’ni’ waqiya xa`diselerge mu`na`sebetini payda yetiw ha`m ishki sezimlerini qa`liplestiriwden turadi’.

Wo’qi’ti’wshi’ bul sabaqqa miyir menen jantasi’p, wo`z aldi’na jobalasti’ri’lg`an maqset qoyadi’.

Wo’qi’ti’wshi’ muzi’ka ta`rbiyasi’nda jan`a usi’l, ja`rdemshi qurallar izlewi, turmi’si’mi’z ha`mde iskusstvo arasi’ndag`i’ birikpeni muzi’ka ma`deniyati’ni’n` mag`na - mazmuni’n ko`rsetip beriwi, ani’q dalil ha`m tariyxi’y ha`diyseler izbe-izliginen paydalani’w maqsetine iye boladi

Maqsetti a`melge asi’ri’wda woqi’ti’wshi’ jeke, ti’nbay, tayarli’q ko`riwi, izleniwi ma`deniyat wori’nlari’nan, radio-televidenie yesittiriwleri,

ko`rsetiwlerinen, muzi'ka salt-da`stu`rlerinen xabar taba ali'p wolardan mag`na-mazmun wo`zine qabi'l yetip, bilimli, ruwxi'y jetiskenligin asi'ri'p, qa`liplestirip bari'wi' zarur.

Muzi'ka sabag`i' basqa pa`nlerden wo`zinin` estetikasi', tilsiz so`zdi jen`il tu`sindiriliwi, wo`zinin` specifikali'q wo`zgesheligi, quwani'shi', sezimleri menen ayri'li'p turadi'.

Mekteplerde muzi'ka ta'limi processi'nda woqi'wshi'larg`a bilim beriw menen birge wolardi' ruwxi'y jaqtan milliy sezimlerin rawajlandi'ri'w maqsetke say.

Qosi'qlardi'n` so`zlerin, namada shertilip ati'rg`an ritm, i'rg`aqtan ha`m wolardi'n` mun`li yamasa shoxli'g`i'n, major yamasa minor kaypietin ani'qlap ali'wi'mi'zg`a boladi. Yen` keregi nama qosi'qti'n` baslani'wi'nan-aq woni'n` qaysi' xali'qtiki yekenligin tez de payqawi'miz mumkin.

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar:**


1. O'zbekiston Respublikasining "Kadrlar tayyorlash milliy dasturi".-T.:O'zbekiston, 1997y.
2. O'zbekiston Respublikasining "Ta'lim to'g'risida"gi qonuni.-T.:O'zbekiston, 1997y.
3. Karimov I.A "Joqari' manawiyat jen'ilmes ku'sh" –T.: "Manaviyat" 2008y.
4. Karimov.I.A. "O'bekiston mustaqillikka erishish ostonasida".-T.: O'zbekiston, 2011y
5. Karimov.I.A. "Ona yurtimiz baxtu istiqloli va buyuk kelajagi yolida xizmat qilish-eng oily saodatdir.-T.: O'zbekiston, 2015y
6. Allambergenov K. "Qaraqalpaq dastani" "Edige"-Nokis, Bilim, 1995,-228b.
7. Azizxo'jaeva N.N "Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat " Toshkent 2006.
8. Apraskina O.A "Metodika muzi'kalnogo vospitaniya v shkole" M. 1983.
9. Ayimbetov Q. "Xali'q danalig'i" No'kis Qaraqalpaqstan 1988.
10. Balabekov.U.A. Vospitatel'nie vozmojnosti muzikal'nixfol'klornix kollektivov. Avtoreferat.Diss…..kand.ped.nauk.-Shi'mkent:1996,18b
11. Botirov I. O`zPFITI xodimi. Ma`rifat 2004 11-fevral`
12. Jabborov.I.O'zbek xalqi etnografiyasi. Mas'ul muharrir: K.Sh.Shoniyozov.-T.: O'qituvchi, 1994,-320b
13. Ma`rifat 2010-2011 yillar gazetalari to`plamidagi ilmiy maqolalardan foydalandik.
14. Mustaqillik: Izohli ilmiy – ommabop lug`at // Mualliflar: M.Abdullaev, M.Abdullaeva, G.Abdurazzoqova va b.q.-T.: «Sharq», 1998.-320b.

15. Ochilov M. O’qituvchi odobi.-T.: O’zbekiston, 1995,-40b
16. Romanova.S., Saytbekova.S. «Baslawısh klasslarda muzıka tarbiyasi’ni’n’ mazmuni’ ha’m metodikasi’». Nokis-2009 j»Qaraqalpaqstan» baspası. 20b.
17. Sadullaev M. Ta’rbiyada milliylik zarur. Xalq ta’limi, 1992,6-7son.
18. Qodirov.R.G’. Musiqa pedagogikasi (ma’ruzalar kursi): O’quv qollanma/-T.: Musiqa, 2005.-80bet
19. Xoliqov.F. Milliy urf odatlar asosida millatning oilaviy hayotga tayorlash. Xalq ta’limi., 1992, №8-9 -51 b
20. Sharipova.G. Musiqa o`qitish metodikasi.-T.: 2000 y. 56b